Уэркъуасэм и лъэужь нэхур

2-нэ нап.

ЕГЭ-рат къуаншэр?

2-нэ нап.

Улахуэфіи, ищіэи, тыгъи яхуэфащэми...

3-нэ нап.

Я зэпыщІэныгъэм зрагъэубгъу

4-нэ нап.

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№6 (24.444) ● 2023 гъэм щІышылэм (январым) и 19, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ

Іуащхьэмахуэ и хьэщІэщ

4-нэ нап.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-Іуэхущ1апІэхэм къыз1ыратамкІэ

«Урысей Федерацэм и Лыхъужь» цІэ лъапІэм и дамыгъэр Тэмазэ Тимур и Іыхьлыхэм иратыж

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбекрэ Урысейм и хьэуа-десант дзэхэм я штабым и унафэщІым и къуэдзэ, гвардием и полковник Сторожев Эдуардрэ Урысейм и Лыхъужьым и Дышэ вагъуэр игъащІэкІэ яхъумэн папщІэ гвардием и капитан Тэмазэ Тимур и унагъуэм иратыжащ.

«Хахуагъэмрэ лІыгъэмрэ я щапхъэ, Хэкум, зауэм къыдІыт и ныбжьэгъуэм яхуэгъэза пэжыгъэ къигъэлъагъуэу, и къалэн лъапІэр игъэзащІэу, ди къэралым и къэкІуэнмрэ ди сабийхэмрэ ихъумэу хэкІуэдащ ди лъахэгъу Тэмазэ Тимур. Езым и тхьдэм къриубыдэу Урысейр гугъуехьхэм мызэ-мытІэу хэхуащ. Ауэ и къуэ нэхъыфІхэм я фІыгъэкІэ сыт щыгъуи и суверенитетымрэ щхьэхуитыныгъэмрэ ихъумэжьыфу къекІуэкІащ. Ди цІыхубэм я хьэл-щэн нэхъыфІхэм я фІыгъэкІэ ди фІыгъуэ нэхъ лъапІэхэр Урысейм сыт щыгъуи къызэтригъэнащ икІи текІуэныгъэхэр къихьащ. Шэч кьытесхьэркъым Урысейр нобэ къыІыкъуэкІа гугъуехьхэми зэрапэлъэщынум, - жиІащ КІуэкІуэ Казбек.- Къэбэрдей-Балъкъэрым, Урысейм яхуэфащэ апхуэдэ щІалэ зыгъэса адэ-анэм лъахъшэу си щхьэр яхузогъэщхъ. Дэ абы и цІэм дрогушхуэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым ис дэтхэнэ зыми папщІэ Тэмазэ Тимур лІыгъэмрэ щІыхьымрэ я щапхъэ сыт щыгъуи щытынщ. Гвардием и капитан Тэмазэ Тимур Мухьэмэд и къуэр дэ зэи ди гум ихункъым».

Сторожев Эдуард тепсэлъыхьащ капитан Тэмазэм къикІуа лІыхъужьыгъэ гъэзгуанэм: «Дзэ операцэ хэхар щекІуэкІ щІыпІэм зауэлІым и къалэнхэр щигъэзащІэурэ, абы и унафэм щІэтхэр тэмэму иунэтІащ икІи Іуэхум нэгъэсэуэ хузхъэзыр, хуэІэкІуэльакІуэ офицеру зыкъигъэлъэгъащ. Сыт хуэдэ къалэн къыхуагъэувми, ар жэуапльныгъэ лъагэрэ жэрдэмрэ хэлъу Іуэхум бгъэдыхьэрт. Киев лъэныкъуэмкІэ щыщыІам ар лІыхъужьыгъэрэ хахуагъэрэ хэлъу япэ итахэм ящыщц. Абы щыгъуэ ар нацистхэм къэмыланджэжу икІи тегушхуэныгъэ хэлъу япэщІэташ, и унафэм щІэтхэм сыт щыгъуи я щапхъэу. 2022 гъэм бадзэуэгъуэм и кум капитан Тэмазэр «Шторм» гуп зэгуэтым и унафэщІу ягъэувауэ щытащ. А отрядыр хьэуа-десант дзэхэм ебгъэрыкІуэныгъэр езыгъэкІуэкІ и гуп нэхъ лъащхэм ящыщ хъуащ. Капитан Тэмазэм и лІыхъужьныгъэмрэ тегушхуэныгъэмрэ я фІыгъэкІэ абыхэм нацистхэм хэщІныгъэшхуэ иратащ икІи сыт хуэдэ бийми текІуэну зэрыхьэзырыр къагъэлъэгъащ. Командованием езым и лІыхъужьхэр зэи щІыгъупщэнукъым икІи абыхэм ирогушхуэ. Фи къуэр, къуэшыр, дэлъхур, щхьэгъусэр, адэр хэкупсэ нэст: абы хэкум щІитащ нэхъ лъапІэ дыдэу щыІэр - езым и гъащІэр. АтІэ мы дамыгъэ лъапІэр - Урысейм и ЛІыхъужьым и Дышэ вагъуэр ди Хэкум и цІыху псоми я дежкІэ лІыгъэ мыкІуэдыжьынмрэ нахуагъэмрэ я дамыгъэу щырет. Апхуэдэ лІы хахуэ зыгъэса щІыналъэм, адэ-анэмрэ Іыхьлыхэмрэ фІыщІэ яхузощІ».

ЛІыхъужьым и фэеплъым теухуа зэхьхьэм хэтащ КЪР-м и Парламентым и Унафэщі **Егоровэ Татьянэ**, КЪР-м и Правительствэм и Унафэщі **Мусуков Алий**, КЪР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщі **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, Республикэм и Парламентымрэ Правительствэмрэ хэтхэр, министрхэр, хабзэхьумэ органхэм я лІыкІуэхэр, жылагъуэ лІыкІуэхэр, Тэмазэ Тимур и Іыхьлыхэмрэ я благъэхэмрэ.

Иджырей мардэхэм тету

Урысейм и хьэуа-десант дзэхэм я штабым и унафэщІым и къуэдзэ Сторожев Эдуард КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек хуэзащ.

ЗЭІУЩІЭМ щытепсэлъыхьащ дзэ операцэ хэхар щекІуэкІ щІыпІэм зи къулыкъур щезыхьэхІэхэм, абыхэм я унагъуэхэм ядэ-Іэпыкъуныгъэхэр зэпымыууэ ирагъашэ. А лэжьыгъэм ныбжьэгъу хэтщ волонтёрхэр, щІалэгъуалэ зэгуэхьныгъэхэр, ди щІыналъэм исхэм ящыщ куэд.

КІуэкІуэ Казбек Урысейм и хьэуа-десант дзэхэм я унафэщІхэм фІыщІэ яхуищІащ ди щІыналъэм икІа зауэлІхэмрэ абыхэм я унагъуэхэм, ди лІыхъужьхэм сыт щыгъуи гулъытэ къызэрыхуащІым папщІэ.

Егъэджэныгъэ ІэнатІэм нэхъри зеужь

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек лэжьыгъэ Іуэхукіэ дыгъуасэ яхуэзащ КЪБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр Езауэ Анзоррэ Налшык къалэ администрацэм и Іэтащхьэ Ахъуэхъу Таймуразрэ. КъулыкъушІэхэр тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэ Налшык егъэджэныгъэ ІэнатІэм адэкІи зэрыщыізрагъэужьыну Іэмалхэмрэ хэкІыпІэхэмрэ.

ЗЭІУЩІЭМ зэрыщыжиІамкІэ, мы гъэм Налшык щыублэнщ иджыри еджапІищым и ууэзнигъэр. Абыхэм екІуэлІэфынущ псори зэхэту еджакІуэ 2300-рэ. А школхэм ящыщу тІур Горнэ хьэблэм къыщыізІуахынущ, ещанэр Вольнэ Аулым дащІыхьынущ. Іуэхущ1апІэщІэхэм я проектхэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, ахэр екІуу яухуэнущ икІи унэлъащІэрэ техникэкІэ иджырей дунейпсо мардэхэм изагъэу къызэрагъэпэщынущ.

Къалащхьэм щыІэ школыщІэхэр щаухуэнущ республикэм хьихьэ нэгъуэщІ щІыналъэхэми. Апхуэдэхэщ, къапщтэмэ, Александровскэ, Прималкинскэ, Тэрч, Нарткъалэ, Шэджэм ЕтІуанэ жылэхэм къыщызэІуахынущ я мурадхэр. Къинэмыщ1ауэ, дызэрыт илъэсым къриубыдэу хьэзыр хъунущ Налшык, Бахъсэн, Прохладнэ, Псынабэ, Красносельскэ, Сэрмакъ, Май жылэхэм щаухуэ школыщІэхэри.

Ди щІыналъэм и пашэм министрымрэ къалэ Іэтащхьэмрэ къалэн ящищІащ ухуэныгъэхэр зэрекІуэкІым набдзэгубдзапльэу кІэлъыплъыну, абыкІэ зэрагъэхьыну къыхуриджащ. Апхуэдэу гулъытэ хэха хуащІащ 2020 гъэ лъандэрэ республикэм и курыт школ куэдым зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр, ухуэныгъэщІэхэр зэрыщекІуэкІым, жьы хъуа еджанІэ унэхэр зэпэщ зэращІыжым.

КІуэкІуэ Казбек къызэрыхигъэбелджылыкІамкІэ, егъэджэныгъэ ІэнатІэм зэхъуэкІыныгъэхэр щекІуэкІ лъхьэнщ иджыпстУ. Ар зыкъомкІэ и фІыгъэщ а унэтІыныгъэмкІэ жэрдэмыфІхэр кхъыхэзылъхьэ ди къэрал Унафэщ1ым.

ТАМБИЙ Линэ.

Мазаем къыщыщІэдзауэ яІэрыхьэнущ

Урысейм и Социальнэ фондым и къудамэхэм медицинэм и лэжьакІуэхэм социальнэ ахъшэ хэха иратыным щІадзэнущ мазаем щегъэжьауэ. Ар зылъысынир апхуэдэ щхьІэкІэ зыдэІэпыкъуфхъэу къалъытахэрщ.

ПРАВИТЕЛЬСТВЭМ и унафэкІэ 2023 гъэм и щІышылэм къыщыщІэдзауэ апхуэдэ ахъшэр хуагъэуващ узынщагъэр хъумэн Іэнатіэм и къудамэу щІыхуэхэм япэу зызыхуагъэзэхэм, щІыналъэхэм я сымаджащ нэхъыщхьэхэм, щІыпІэ, участковэ сымаджэщхэм, апхуэдэуи дэІэпыкъуэгъу псынщІэм и станцхэмрэ Іэнатіэхэмрэ я лэжьакІуэхэм. Иратыну ахъшэр сом мини 4,5-м щегъэжьауэ мин 18,5-м нос, а медицинэ лэжьакІуэхэм ягъэзащІэ къалэнхэм ельытауэ.

Ахъшэхэр зезыгъэкІуэнур Урысейм и Социальнэ фондыщ. Іуэхур зытращІыхьынур медицинэ Іуэхущ1апІэхэм къыхуагъэхь дэфтэрхэрщ. Абыхэм я къалэнщ а лэжьакІуэхэм мазэ къэс зэфІагъэкІахэм ягъэ ткІэ апхуэдэ дэІэпыкъуныгъэ зылъысыпхъэхэр электрон Іэмалкіэ Социальнэ фондым Іэрагъэхьэну. ЗэфІагъэкІа лэжьыгъэм къыдэкІуэу, абы къышІагъэльагъуэ хущІагъун хуэй ахъшэр зыхуэдизыр.

Медицинэ лэжьакІуэхэм езыхэм дэфтэрхэм ехьэлІауэ зыри зэфІахьн хуейкъым хущІагъунуэр ящІэрыхьэн папщІэ, псори езыр-езыру зэфІэкІынущ. Фондым и щІыналъэ къудамэхэм хущІагъунуэр зыхуэфащэхэм Іэрагъэхьэнущ лэжьэгъуэ махуи 7-м къриубыдэу, медицинэ Іуэхущ1апІэм фондым ирита тхьылъым къыщыгъэльэгъуам тету.

Зи гугъу тщІы лэжьакІуэхэм хущІагъу ахъшэхэр къыхокІ ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэмкІэ къэрал фондым бюджет трансферт тепльэ иІэу хуиутІыпщ ахъшэм, - къет СФР-м и къудамэу КЪР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ1апІэм.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

Гъатхэ зэхуэсыгъуэр яублэ

КЪБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ гъатхэ лэжьэгъуэм и япэ зэІущІэр къыщызэІуихым, къыхигъэщащ лэжьыгъэшхуэ зэфІахьн хуейуэ къаззрыпэщылъыр.

ЗЭІУЩІЭМ Іуэхугъуэ 20-м щІигъум щыхэплъащ. Абыхэм ящыщт «Федеральнэ бюджетым къыхэкІыу бюджет кредитхэр пшыныжьным хуэгъэзэауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым бюджет кредит етыным теухуа зэгурыІуэныгъэм дыщІагъу Іуэхугъуэхэр къэщтэным и Іуэхукіэ» республикэ законым и проектыр.

КЪБР-м и Парламентым Бюджетымкіэ, налогхэмрэ финанс Іуэхухэмкіэ и комитетым и унафэщі **Афэщіагъуэ Михаил** зэрыжиІамкІэ, федеральнэ законодательствэм тету, УФ-м Финансхэмкіэ и министерствэмрэ КЪБР-м Финансхэмкіэ и министерствэмрэ зэращІыпІэкъуэну Іэмалыщ1эхэм ятеуэуауэ» Федеральнэ законым и Іыхьэ 8-м зэхъуэкІныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» федеральнэ законым и проектым. Ар игъэхьэзыращ ditымкІэ ятелъ щІыхуэр зэрыщІэщхьэр икІи ар 2029 гъэм ятыжьну къыізэрыхуагъэльагъуэр.

КЪБР-м и Парламентым Лэжьыгъэмкіэ, социальнэ политикэмрэ узынщагъэр хъумэнымкіэ и комитетым и унафэщі **Къэжэр Хъусен** тепсэлъыхьащ «КЪБР-м сабийм и хуитыныгъэхэр зэрыщахъумэм теухуауэ» КЪБР-м и Законым халъхьэ зэхъуэкІныныгъэхэр къыщыгъэлъэгъуэ законопроектым. Абы жиІащ федеральнэ законодательствэм халъхьа зэхъуэкІныныгъэхэмрэ сабийм и хуитыныгъэхэр хъумэнымкіэ щІыІэ хабзэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щегъэфІэкІуэнымрэ къэлъытауэ дэфтэрыр зэрызэхагъэувар.

Апхуэдэуи депутатхэр елэжьын щІадзащ «Сабий зеиншэхэмрэ зи адэ-анэ зыщхьэщымытыжхэмрэ къэралым зэрызащІигъэкъуэну Іэмалыщ1эхэм ятеуэуауэ» Федеральнэ законым и Іыхьэ 8-м зэхъуэкІныныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» федеральнэ законым и проектым. Ар игъэхьэзыращ КЪР-м и Парламентым Лэжьыгъэмкіэ, социальнэ политикэмрэ узынщагъэр хъумэнымкіэ и комитетым. Дэфтэрыр къыхалъхьащ сабий зеиншэхэмрэ зи адэ-анэ зыщхьэщымытыжхэмрэ дзэм къулыкъу щащІэу хэкІуадэ хъумэ, щащІэншэу къратын хуей унэр и унагъуэм - и щхьэгъусэм е сабийхэм - иратыну хуитыныгъэ яІэн папщІэ.

Законопроектым теухуауэ **Егоровэ Татьянэ** жиІащ апхуэдэ жэрдэмыр КЪР-м и Парламентым зыкъыхэхуэзыгъэза цІыхухэм къаззрыбгъэдэкІар.

- Нобэ диІэ Іэмал псори къэдгъэсэбэпын хуейщ Хэкур зыхъумэну кІуэхэм я унагъуэхэм зэрызащІэдгъэкъуэным и лъэныкъуэкІэ. Дауи, дыщогугъ, дэтхэнэри узыншэу къэкІуэжьну, ауэ зыгуэркІэ я къалэныр ягъэзащІэу хэкІуадэмэ, абыхэм я унагъуэхэм яхуэхъумэн хуейщ унэ къызэрыратыну хуитыныгъэхэр. Си гугъэмкІэ, апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэм мы зэманым мыхьэнэшхуэ иІэщ. Фигу къэзгъэкІыжынщи, мы жэрдэмыр къэтщтэн ипэ, утыку къитхьэри, хъарзынэуи къыпэджжащ. Абы арэзы техъуащ УФ-м и Къэрал Думэм и комитетри Федерацэм и Советым и комитетри. Апхуэдэуи Федерацэм и Советым и Аппаратым хабзэхэмкІэ и управленэм мы Іуэхум теухуа и епльыкІэхэр къыщигъэлъэгъуа тхыгъэ щыІэщ. Сыхуейт мы хабзэубзыху жэрдэмыр КЪР-м и Парламентым и зэІущІэм къыхэтлъхьэн и пэ, набдзэгубдзапльэу дэфтэрым фелэжьыну, - жиІащ Егоровэм.

Депутатхэм унафэ къащтащ КЪР-м и Парламентым и зэІущІэр щызэрагъэблагъэнэу КЪР-м и Парламентым къыщымыгъэсэнэу иригъэкІуэкІыну япэ зэІущІэр къызэрагъэблагъэнэу КЪР-м и Парламентым къыщымыгъэлъэгъуа политикэ партхэм я лІыкІуэхэр. Ахэр тепсэлъыхьынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым туризмэм зыщыгъэужьыным епха Іуэхухэм.

Депутатхэр зыхэплъа федеральнэ законхэмрэ УФ-м и нэгъуэщІ щІыналъэхэм къабгъэдэкІ законодательнэ жэрдэмхэмрэ зытеухуауэ щытар щІыпІэ унафэр зэхьэныр къызэрызэрагъэпэщ щІыкІэрщ, псыжапІэкІэ зыхуей хузгъэзэнырщ, цІыхухэм я псэукІэр зэІуэпэщ щІынырщ, щІэныгъэмрэ къэрал-техникэ Іуэхурэщ. Апхуэдэуи къыхалъхьэ зэхъуэкІныныгъэхэр ятеуэуат УФ-м и Псэупіэ, Къалэухуэ кодексхэмрэ УФ-м административнэ хабзэхэр къызэпемыгъэудыныкІэ и Кодексымрэ.

ЗэІущІэм къыщащтащ КЪР-м и Парламентым и ЩІыхь тхьилъкІэ республикэм и лэжьакІуэ зэхъуэкІныгъэ хэлъ щІыналъэхэм я ІэнатІэ. Ар къыдигъэкІащ адыгей макъамэхэр щызэхуэхьэса тхьилъ щІыкІуэр. Ким и Іэшэм ГъунИ-нэзи зэримыІэр щигъэльэгъуар «Налмэс» ансамблым и пшынауэу щІэлъжьа ильэсхэрщ. Куэд-мащІэми, илъэс 16 щигъэкІуащ пшынаумэ ансамблым икІи дуней псор къикІухьащ.

Нобэ ЛІыщІэрыІуэ Ким и цІэр зэрехьэ Мейкъуэпэ дэт сабий гъуэзджэмкІэ школым. Абы Ким и макъамэхэмкІэ ныжьыщІэхэр гъуэзджэм щыхуагъасэ. Пшынауэ Іэзэм и цІэкІэ гъэ къэс фестиваль-зэпеуэхэр, пшыхьэхэр къызэрагъэпэщ.

АР-м щэнхабзэмкІэ и министрым и къуэдзэ Кушу Светланэ зэрыжиІамкІэ, «Налмэс» ансамблым и макъамэ гупым и унафэщІу щытыху, Ким щафакІуэ гупым я партитурэр зыхуей хуигъэзащ. Абы адыгэ макъамэр жьлпхъэ гуэрым иригъэувэну зэи хэтакъым, нэгъуэщІ макъамэтхэм я Іэдакъэщ1экІхэми фІыуэ щыгъуазэти, езым и Іэпэсыкіэ зэхилъхьэжауэ, макъамэ гъуэзджэхэр дунейм къытригъэхьэрт.

Мы махуэхэм Пъэпкъ музейм «Адыгэ пшынэ» гъэлъэгъуэныгъэр щокІуэкІ, ЛІыщІэрыІуэ Ким иІыгъа пшынэрэ езым ищта шыкІэпшынэмрэ хэлъщ утыку кърахьа Іэмэпсымэхэм.

Ди къуэш республикэхэм



Ягу къагъэкІыж

АДЫГЕЙ. **АР-м и Лъэпкъ музейм щекІуэкІащ УФ-м щІыхь зиІэ, АР-м и цІыхубэ артист ЛІыщІэрыІуэ Ким и фэеплъ пшыхь. Ар псэужамэ, илъэс 80 ирикъунут.**

Пшыхьым хэтащ пшынауэ щІэрыІуэм и Іыхьлыхэр, ныбжьэгъуэхэр, иригъэджахэр, республикэм и щэнхабзэм, гъуэзджэм я лэжьакІуэхэр. Къызэхуэсахэм псалъэ гуапэкІэ ягу къагъэкІыжащ ЛІыщІэрыІуэр икІи жалащ абы ІэзэгъашІуэ бгъэдэлъу, гушыІэкІэ дахэ иІэу, цІыху гуапэу дунейм зэрыстетар.

ЛІыщІэрыІуэ Ким адыгэ макъамэ Іэмэпсымэ псоми еуэфырт, абыхэм ящыщхэр и Іэкіэ ищІырт. Творческэ Іуэхуэм къадэкІуэу, щІэныгъэкъэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр иригъэкІуэкІырт. Абы къыдигъэкІащ адыгей макъамэхэр щызэхуэхьэса тхьилъ щІыкІуэр. Ким и Іэшэм ГъунИ-нэзи зэримыІэр щигъэльэгъуар «Налмэс» ансамблым и пшынауэу щІэлъжьа ильэсхэр. Куэд-мащІэми, илъэс 16 щигъэкІуащ пшынаумэ ансамблым икІи дуней псор къикІухьащ.

Нобэ ЛІыщІэрыІуэ Ким и цІэр зэрехьэ Мейкъуэпэ дэт сабий гъуэзджэмкІэ школым. Абы Ким и макъамэхэмкІэ ныжьыщІэхэр гъуэзджэм щыхуагъасэ. Пшынауэ Іэзэм и цІэкІэ гъэ къэс фестиваль-зэпеуэхэр, пшыхьэхэр къызэрагъэпэщ.

АР-м щэнхабзэмкІэ и министрым и къуэдзэ Кушу Светланэ зэрыжиІамкІэ, «Налмэс» ансамблым и макъамэ гупым и унафэщІу щытыху, Ким щафакІуэ гупым я партитурэр зыхуей хуигъэзащ. Абы адыгэ макъамэр жьлпхъэ гуэрым иригъэувэну зэи хэтакъым, нэгъуэщІ макъамэтхэм я Іэдакъэщ1экІхэми фІыуэ щыгъуазэти, езым и Іэпэсыкіэ зэхилъхьэжауэ, макъамэ гъуэзджэхэр дунейм къытригъэхьэрт.

Мы махуэхэм Пъэпкъ музейм «Адыгэ пшынэ» гъэлъэгъуэныгъэр щокІуэкІ, ЛІыщІэрыІуэ Ким иІыгъа пшынэрэ езым ищта шыкІэпшынэмрэ хэлъщ утыку кърахьа Іэмэпсымэхэм.

Щыгъуэ пэкІу

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **Черкесск къалэ администрацэмрэ «Авангард» дзэ-хэкупсэ гъэсэныгъэмкІэ центрымрэ зэгъусэу ирагъэкІуэкІащ КъШР-м и къалащхьэ хуит къызэращІыжрэ илъэс 80 зэрырикъур.**

Щ1ышылэм и 17-р КъШР-м щыпсэу лъэпкъхэм я дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ махуэщ, сыт щхьэкІэ жьлпІэмэ, 1943 гъэм нэмыщІ зэрыпхъуэкІуэхэм мазитхукІэ яІыгъа къалэр хуит къащІыжащ, фашистхэр дахужри. А махуэхэр лъы куэд щагъэжа пІалъэ гуузу къыхэнащ республикэ тхыдэм. Советыдзэм хузэфІэкІащ тылым къэна лІыжьфызыжьхэмрэ сабийхэмрэ кърагъэлу бийр ирахужьжьын.

Черкесск махуэ къэс нэхъ зэІузэпэщ хъу къалэщ. Абы дзэхэр ирогушхуэ я жьлпэм, хэкум икІи я лэжьыгъэм къыпэкІуа фІыгъэщ къалащхьэм и ехьулІэныгъэхэр. Къалэдэсхэм пщІэшхуэ хуащІ ЛІыхъужьхэм, зи хахуагъэмрэ лІыгъэмкІэ мамыр гъащІэр яхахуэзэгъэпэщащхэм.

Къалэм щекІуэкІа пэкІуэм хэтащ нэхъыжьхэри, ныбжьыщІэхэри, сабийхэри. Республикэ унафэщІхэр иужь итщ я лІыхъужьхэм я щапхъэм щІэблэр зэрыщІапІыкІыным, я хэкум и тхыдэр ящІэу къызэрагъэхъунум.

Зауэм хэкІуэдахэм яхуэзарэзы щІэблэм удз гъэгъа Іэрамэкэр трапльащ Черкесск дэт къуэшыкхэм, Мафіэ мыужьхэм. Ахэр дакъикъэкІэ яхуэщІагъуащ мамырыгъэм зи гъащІэр щІэзытахэм.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

● ХъыбарегъащІэ

КЪБР-м и Парламентым къыхелъхьэ «Си хабзэубзыху жэрдэм» зэхъэзэхэр 2023 гъэм зэрыригъэкІуэкІнур. Ар яхуэгъэзащ егъэджэныгъэ, щІэныгъэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я щІалэгъуалэм.

КъызэгъэпэщащІэу комитетым лэжьыгъэхэр къыжьыныщ гъатхэпэм и 1 пщІондэ.

Зэхьэзэхуэм теухуауэ хъыбар нэхъыбэ къыщыфщІэфынущ 42-60-84, 40-45-26 телефон номерхэмкІэ фыписальэмэ. Апхуэдэуи КЪР-м и Парламентым и сайтым - www.parlament.kbr.ru - фыкъыщеджэфынущ.

Лэжьыгъэхэр къыщыІах КЪР-м и Парламентым - Налшык къалэм Лениным и проспектым тет унэ №55-м.

● Егъэджакіуэмрэ унэтІакіуэмрэ я илъэс

Хэкум насып къыхуэзылэжьа

Дызэрыщыгъуаззщи, 2023 гъэр Урысей Федерацэм щагъэуваш Егъэджакіуэмрэ унэтІакіуэмрэ я илъэсу. Абыхі Іэ жэрдэмыр къыхэзылъхьа къэрал унафэщіым къыхигъэщащ егъэджакіуэм жылагъуэм щиІэ мыхьэнэр дяпэкІи къызэраІэтынур, абы папщІэ лъэкІ псори дяпэкІи зэрэщІэнур. Къинэмыщ Іаужь, ар ирыгъэхьэлІащ лъэпкъ педагогикэм и лъабжьэр зыгъэтІылъа еджагъэшхуэхэм ящыщ Ушинский Константин (1823 - 1871) къызэралъхурэ илъэс 200 щрикъу илъэсым.

ИПЭЖЫПІЭКІЭ, Ушинскэр щытащ егъэджакіуэ-демократ цІэрыІуэру, тхакіуэ Іэзэу. Аращ щІэныгъэр зи тегъэщІапІэ педагогикэр ди къэралым ящу къыщыззэыгъэпэщар. Жылагъуэм пщІэшхуэ щызиІэ и егъэджакіуэ къыззэрымікІуэм и къалэмыпэм къыпыкіа тхыгъэ купщІафІэхэр я гъуэгугъэлъагъуэу щытащ 19-нэ лІэщІыгъуэм а Іэнатіэм пэрытахэм. Абы и чанэджэщэр кьагъэсэбэпуэ къызэІуахырт икІи пэжжыгъэфІ щаублэрт школыщІэхэм. Илъэс 50-м кьриубыдэу, Жэпуэгъуэ революцэм нэсыху, щІэблэ зыбжанэм щІэныгъэ зэрырагъэгъуэтар Ушинскэм и тхыльхэм тетущ. Дэтэнэ къэралым и къэкІунур абы къыщІэхъуэ щІэблэм бгъэдэлъ щІэныгъэмрэ зэфІэкІымрэ зэрельытар хьэкъыу зыпхыкІа егъэджакіуэ нэсым жиІэрт: «Дэтхэнэ еджапІэми егъэджакіуэми ягъэзащІэ мы кьалэнхэм языкэз: е и хуэм насып къыхуелэжь, е абы и насыпныщагъэм толажь». Ещы унэтІакіуэ Іэкіуэтакіуэр дапщащи хьэлэу хуэлэжащ къэралым къэкІуэну дахэ, насыпыфІэ иІэным. Ушинскэм и педагогикэм и лъабжьэр демократиер егъэджэныгъэм и джэлэс щынымрэ гъэсэныгъэр лъэпкъпсо фІыгъуэхэм ятещІыхьынымрэщ.

Константин Тулэ кьалэм 1823 гъэм къышІалъхуащ, и сабиигъуэмрэ балигъ хъугъуэ зэманымрэ Украинэм и Чернигов областым щихьащ. Хуэхъулей унагъуэхэм щыхабзэу зэрыщытам хуэдэу, щІалэ цІыкІум пэщІыдзэ щІэныгъэр унэм щрагъэпсэуащ, илъэс 12 щыхьым Новгород-Северскэм дэт гимназиемкІэ иратащ. Ар екъулІэныгъэкІэ къэзыуха щалэщІэм еджэным щыпищащ Москва къэрал университетым юристхэр щагъэхьэзыр и факультетым. Диплом «плъыжьыр» зи Іэрыпхьэ, юриспруденцэмкІэ кандидат лэжьыгъэр зыгъэзэщІакІэ Константин а псоми хунэсат и ныжьыр илъэс 22-рэ фІэкІа мыхъуауэ.

ЩІэныгъэлІ ныжьыщІэр ирагъэблагъащ Ярославль кьалэм дэт Демидовскэ лицейм, хабзэр джынымкІэ кафедрэм и унафэщІу. Абы илъэси 4-кІэ щылажьа нэужь, а еджапІэ нэхъыщхьэм и унафэщІэхэм Константин Іэнатіэм Іуагъэкіащ: егъэджакіуэ Іэзэу зыкъызэхъуэзыха Іэщ1агъэлІым абы къыдэкІуэу бгъэдэлът гупсысэ нэхуэхэр, хуитыныгъэм хэпабгъэхэр, абыхэмкІи ядэгуашэрт и нэІэм щІэт щІалэгъуалэм. Заулкіэ лэжьаи Ди псалъэмакъыр и кІэ нэдмыгъэсу, нетІрей зэанэзэпхъур къыІуихьэжащ: нэгъуэщІ зэрытІысхьэн яГъэтэуэ къыщІэкІынкъым.

- Алыхь нэхъыжьи егъэтІысмэ, нобэ экзамен итати, Іейуэ езэшащи аращ, - жиІащ Іаужь.

Ар икІэмкІэ илэж тІысылІэм тІысащ, хьащджэбэ щыкІыр шэнт имыдам тетІысхьащ.

- Тхъэм «тху» къыиГъэхь, дахэ, - жеІащ абы, тІэкІу и нэкІу нэщхьыдзэр зэлъыІуезгъэхьын си гугъэу.

- - «Тхуи» дыхуейтэкъым, «плЫкІи» дыарэзыт! - къызэмыплъу «къызжъхидзэр» зриІуэнтІэкІащ хьащджэбэм.

«ЦІыхум нэшхуэгушхуэу «Тхъэм «тху» къуигъэхь, дахэ» къыщыжьИкІэ «упсэу» жраІэж, - жесІэ хьунут со сябэ. Ауэ а слъэгуа ЕГЭ ямыльагъужьым игъэундэрэщхуэ, хабзи бзыльхэм зыщыгъупщэжа хьащджэбэм сыщыхьэу и анэмии и жагъуэ сщІакъым.

«Шэнтым со сытІысынщ, уэ си тІысылІэм къакІэу», - жысІэнри зэ си гуи къыльдат. Ауэ ари имыгъуэу къэсольытэжащ. Зы щІалэ абы и ныжьыжьи ести, апхуэдэ гукъэкІ къыхуищІакъым. «Къилжьауэ» къыльпята хьэкъым.

Куэд дыдэри дыкъэмыкІуэуэ, зыгуэр икІри хъыджэбз цІыкІум тІысылІэ тыншри игъэзтыжащ.

«Сыт мыгъуэ мыр зытетхыхьыр, зы бэлыхь дыкъеджэн ди гуГэати», - жыІэрІэнкІэ хъунщ. Ауэ апхуэдэ мыхьэнэшэн дыдэ уи гугъэхэрщ цІыкІур къыззэрыпщІыкІур. А дакъикъэм хьащджэбэ цІыкІум (адыгэ хъыджэбэ цІыкІум!) дигъэльагъуфащ и анэми, къэзыхуэреихь дэтхэнэми пщІэ лъэпкъ зэрыхуимыщІыр, гугъуэхь гуэри ишэчыну зэримымурадыр, адыгэ хабзэм тетыну мурад зэримыІэр.

Сэ аращ сызэреплъыр.

Фэ-щэ?..

ЛЫХЬ Людэ,
Каменномост (Къармахьэлэ) дэт, Къамбий Мухьэ и цІэр зезыхьэ 1-нэ курыт еджапІэм адыгэбзэмрэ литературэмкІэ и егъэджакІуэ.

● Фэеплъ

Уэркъуасэм и лъэужь нэхур

ЦІыхур къыщыпхэмытыжми, абы и фэеплъыр дахэрэ гуапэу ягуэм ягу къинэмэ, Іуэхущафэу иІамрэ дуней еплъыкІэу бгъэдэлъамрэ щІэхщІэхыурэ тепсэлъыхьыжмэ, ар Тхьэм къихуиуха зэманыр щызу, купщІафІэу езыхьэкІахэм, «лъэужь нэху къигъэнащ» зыхужаІэхэм ящыщу аращ. Апхуэдэу и гъащІэр ирихьэкІащ къэрал Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм я пашэу щыта, жылагъуэ Іуэхухэм хуэжьдж-ру псэуа, КъБР-м цІыхухэм Іуэхутхьэбзэ яхуэщІэнмкІэ и Іэнатіэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Уэркъуасэ Анатолэ Іэдэм и къуэм. Илъэс блэкІам и дыгъэ-гъаззм Уэркъуасэр дунейм ехыжащ и ныбжьыр илъэс 75-м ИТУ.

УЭРКЪУАСЭР Лэскэн ЕтІуанэ къуажэм 1948 гъэм фокІадэм и 24-м къыщалъхуащ. Курыт школыр екъулІэныгъэкІэ къэзыха щІалэщІэм еджэным щыпищащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым ухуакІуэкІэр щагъэхьэзыр и факультетым. ЕджапІэ нэхъыщхьэм и щІалэгъуалэ жыджэрэм яхэту, Анатолэ щыІащ Алтай щІыпІэм, абы щекІуэкІ ухуэныгъэ инхэмри и гуащІэдэкІ зэфІэкІхэр хилъхьащ.

Еджэныр екъулІэныгъэкІэ зэфІигъэкІыу, Іэщ1агъэлІ зэрыхуэам щыхьэт техьуэ дипломыр Іэрылъхьэ хуэхъуэ ящІэ, Уэркъуасэм ЖБИ заводым 1972 гъэм лэжьэн щыщІидзащ икІи мыгувэу Іэщ1агъэлІ щІалэр заводышхуэм и цеххэм ящыщ зым и унафэщІу ягъэувауэ щытащ. Ухуэныгъэм къыщагъэсэбэп гъущІ-бетон пкъыгъуэхэр щагъэж Іэнатіэм екъулІэныгъэфІхэр зыІэригъэ хуэзат зэман кІэщІым къуирубыдэу. Ар зи фІыгъэри, щэч хэмылъу, я ныбжьыр щІалэщІэрат. Абы гу лъамытэу къэнакъым икІи ухуэныгъэхэр егъэкІуэкІыныкІэ зэфІэкІышхуэ зыбгъэдэлъ, нэхъыщхьэрати, и нэІэм щІэт щІыхуэхэр лэжьыгъэм къыхуэзащІэгъэуІуэнымкІэ Іэзагъ зыхэлъ щІалэщІэр жэуапльныгъэшхуэ зыпылъ Іэнатіэм, ПМК-798-м, ягъэкІуащ. А лъэхъэнэм щэщІауэ дэнэкІи щаухуэрт псэупІэ унэхэри, Уэркъуасэм хуэдэу зи лэжьыгъэм хьэлэлу гэрыпхэр нэхъ Іэнатіэ гугъуэхэм, ауэ мыхьэнэшхуэ зиІэхэм я гъэувыр.

ПМК-м лэжьыгъэфІ къыщрихьэлІа нэужь, Уэркъуасэр Арыдан щІыналъмэ и архитектору, «Мэкъумэшхимие» Іэхуущ1апІэм и унафэщІу щытащ, иужькІэ районымрэ Нарткъалэрэ я архитектор нэхъыщхьэу илъэс кудкІэ лэжьащ. «Мэкъумэшхимие»-м и пашэу щыщІа илъэсхэм, Уэркъуасэми абы и нэІэм щІэту лажьэхэми мызэ-мытІэу къыхуагъэдащ КПСС-м и �цК-м, СССР-м и Министрхэм я Совет Нэхъыщхьэм, СССР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм, ВЦСПС-м, ВЛКСМ-м и ЦК-м я и Бэракъ Плъыжь зэІэпахыр, саугъэт зэмылІужьыгъуэхэр. Аэр къэрал гулъытэ инт.

«Нартхэм я къалэ» зыфІащащ жылэм нобэ иІэ теплъэ дахэми, ар зэщІэкъуагъэ зыхуэІ зэрызащІри, пестубликэми къэралми щекІуэкІ зэхьэзэхуэ зэмылІужьыгъуэхэм пашэ щыІуэ зэпыту къызэрекІуэкІами, дауи, и фІыгъэ хэлъщ абы и архитектор нэхъыщхьэу щыта бжьыгъэкІэ лэжьа Іэщ1агъэлІ щыпкъэм. Москва дэт «Гипрогор» институт цІэрыІуэм щызэхалъхьа планым тету, Уэркъуасэм зриГъэужьащ къалэм икІи ар иригъэфІэкІуащ.

1992 гъэм къыщыщІдзэауэ Уэркъуасэр илъэс кІэкІ лэжьащ Нарткъалэ и щІыпІэ администрацэм и Іэтащ1ыгъэ. Къалэм и архитектор нэхъыщхьэу щыщІта лъэхъэнэм иригъэжьауэ щыта Іуэхугъуэхэу зыхунэмысахэм пищащ Іэщ1агъэлІым, абы щызекІуэ унафэр Іэщ1ынэу. А къулыкъур зэрызэрихьэм хуэдэурэ, илъэсрэ ныкъуэрэ дэкІри, щІыпІэ самоуправленэмкІэ советым и тхьэмадэм и къалэнхэри и пщэм къыдалъхьащ. Аруан районым и унафэщІхэм хьэкъыу ящІэрт Уэркъуасэ Анатолэ а псоми хьарзынэзу зэрыпІэлъэщынур икІи сыт и лъэныкъэхэр я дзыхь кърагъэзырт. Абы и фІыгъэкІэ зэман кІэщІым къриубыдэу кьалэр зыхуэй хуагъэзащ, щІыпІэм и зыужьыныгъэм хъыхуаутІыпщ мылъкур акъыл хэльу къыгъэсэбэпуэ. Кьалэр кьабзэ хъуат, ухуэныгъэщІэхэри куэду щрагъэкІуэкІырт. Абыхэм ящыщт фэтэр 75-рэ хъу унэу дохутырхэм, егъэджакІуэхэм, псэупІэ хуэныкъуэ куэдым папщІэ яухуауэ щытар, кьалэкъм дащыхьа бззэрыщІэр, нэгъуэщІхэри.

Аруан щыналъэм и кьалэ нэхъыщхьэм и Іэтащ1хэ къулыкъым къыпэрыкІащ Уэркъуасэр 1997 гъэм. Ар а щІыпІэм и «Водоканал» Іэнатіэм ягъэкІуащ икІи илъэси 10-кІэ щылажьащ. ЖыІэнэрамэ, Анатолэ абыи лэжьыгъэ щхьэпэ куэд щызэфІихащ. Абы и щыхьэтщ а Іэнатіэр а зэманым ди республикэм щынэхъыфІхэм хабжаугъэ зэрыщытар. Нарткъалэ щаухуауэ щытащ псы къыщІэшыпІэщІэхэр, псыр щызэхуахьэс гуэныщхьэхэр, ар зэрыкІуэну бжьамийжэр щыгъужу. Районым хьхьэ жьлэхэу Старэ Урыху, Урыху, Старэ Лэскэн, Ташлы-Талэ, Лэскэн ЕтІуанэ, Арщыдан, Псыгэнсу, нэгъуэщІхэми псы къигъэхъуэщІэхэр къыщыззІуахат. Къэхъун къуажэм Уэркъуасэм и жэрдэмкІэ псыр щызэхуахьэс чэщанэ щащІащ. А псори кьалъытэри, Уэркъуасэ Анатолэ зи пашэ гупым кьратауэ щытащ УФ-м Къэрал ухуэныгъэмкІэ и министерствэм, КъБР-м и Правительствэм кьабгъэдэкІ щІыхь, фІыщІэ тхылъхэр. УнафэщІ щыпкъэм, лэжьыгъэм гудзакъэ хуиІэу, жэуапльныгъэр зыхищІэу пэрытым, абы щыгъуэ кьыфІащауэ щытащ «КъБР-м цІыхухэм Іуэхутхьэбзэ яхуэщІэнмкІэ и Іэнатіэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ льапІэр.

Аруан районым, абы и кьалащхьэм заужьыным, щІыналъэм щыпсэухэм я гъащІэр нэхъ тынш, екІу, иджырей мардэхэмрэ пщалъэхэмрэ изагъэ щІыным къаруушхуэрэ зэфІэкІ инрэ тригъэжьІуадэу лэжьащ Уэркъуасэ Анатолэ. Зэи къэхъуакъым Уэркъуасэм дзыхь кьыхуащІа лэжьыгъэр, кьыхуагъэува кьалэныр кьызыхуэтыншэу икІи фІагъ льагэ иІэу щызэфІимыгъэкІа. Зыпэрыт Іэнатіэр егъэфІэкІуэныкІэ жэрдэмщІэхэр дапщащи зи куэд, гудзакъэрэ хэлъэтрэ зиІэ а цІыху щыпкъэр лэжьыгъэм и кьызэгъэпэщакІуэ нэст. Анатолэ апхуэдэуи хэкупсэ нэст. Анатолэ текІуэ фэеплъ тхыгъэм фыкьыщыдежэ мы «Адыгэ псалъэ» газетыр и ныбжьэгъу пэжу кьэкІуэкІащ абы. ФІыуэ илъагъурт щалъхуа щІыналъэр, абы и цІыхухэр.

Апхуэдэу купщІафІэу, ІуэхуфІхэмкІэ гъэнщІауэ и гъащІэр ирихьэкІащ Уэркъуасэ Анатолэ. Лэжьакіуэшхуэм и фэеплъыр я гуи илъынущ абы къыщІэна унагъуэ дахэм, Уэркъуасэр куэдрэ ящыгъупщэкъым Аруан щІыналъэм щыпсэу цІыхухэм, къыдалъхьасэм, ныбжьэгъу пэжу иІасэм. Ахърэт нэхукІэ Тхьэр къыхуэупсауэ къыщІигъэкІ лъэужь дахэ дунейм къытезына ди ныбжьэгъу пэжым.

Уэркъуасэ Анатолэ и ныбжьэгъуэ щытахэм хьабгъэдэкІыу **КЪУЩХЬЭТІУ Хьэутий**.

пІэншэу щыта ноужь, Ушинскэр уваш Гатчинэ кьалэм зеиншэхэм папщІэ къыщІэзІуахауэ щыта институтым. «ЕджапІэм и канцелярием экономикэмрэ ищхъэ дыдэм щыІэщ, администрацэр ику ит кьатхэм тесщ, егъэджэныгъэр ехуэхащ, гъэсныгъэр щІыбым кьыдэхутащ», - еджапІэм теухуауэ апхуэдэу нэхъ иужьыуІэкІэ итхат абы. АтІэми, лицейм и библиотекэм Ушинскэм кьыщІэуэтащ педагогикэмкІэ тхылъ куэд, инспектору абы нэхъапІэуэкІэ щылажьам зэхуихьсаугъэ щытауэ. А тхылъхэм хуабжьу дахьэхащ егъэджакІуэр икІи, кьанэ щымыІэу, ахэр щІиджыкІа нэужь, педагогикэмкІэ езым иІэ еплъыкІэхэм адэкІи зариГъэужьащ, кьэхутэныгъэ лэжьыгъэхэри иригъэкІуэкІыу хуежьащ. Константин «Педагогикэ литературэм и сэбэпынагъэм теухуауэ» и статьяр куэд дэмыкІыу кьытехуауэ щытащ. «Журнал для воспитания» жыхуиІэм. Абы Ушинскэм ксыщІиуэта еплъыкІэхэм мыхьэнэшхуэ щигъэтэуэ щытащ егъэджэныгъэ Іэнатіэм. Абдеж щыщІидзэри, егъэджакІуэр илъэс кудкІэ ядэпэжьащ а лъэхъэнэм кьыдэкІыу щыта «Современник», «Библиотека для чтения» журналхэм.

Ушинскэм егъэджэныгъэсэныгъэ Іэнатіэм зегъэужьыным зэреплъэм апхуэдэ зыщащубгъуэ хуежьащ къэралым и щыналъэ псоми. Абы и Іуэху бгъэдыхьэкІэхэм нэхъри заужьащ, унагъуэ зэпэщхэм кьахэкІа бзылъхугъэ цІыкІуэм папщІэ щыІэ Смольный институтым и инспектору щыщыпэжьа пІьэхэнэм. А еджапІэ зэхуэщІам пщащхэр илъэсибгъуэкІэ щыпсэурт, кьыззэрыгуэкІ пэщІдзэ щІэныгъэ щызрагъэгъуэту, кьэфэнчи, екІуу псэльэнчи, щэн дахэми щыхуагъасэу. Педагог Іэзэм кьыззэрилытэмкІэ, бзылъхугъэм мыхьэнэшхуэ и Іэщ жыларгъуэм щІэныгъэм, щэн екІум зыщІагъжьынымкІэ, езы гъащІэ дыдэр ефІэкІуэныкІэ. А гупсысэхэр и гъэгугъэнагъуэу, институтыр зытет егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ мардэхэм щІэ куэд хилъхьащ Ушинскэм. Апхуэдэхэт, институтым дэтхэнэ унагъуэм щыщ пщащхэри кьэщтэныр; франджыбзэр къэгъанэу, егъэджэныр урысыбзэкІэ зэхуэІуэкІыныр; пэщІдзэ щІэныгъэм кьытеклаІуэ предмет щхьэхуэхэр, цІыхухъуэм зэрадджым хуэдэу, нэхъ хэкъуэдыу яджынэр; ильэситІ педкъорхэр ехьуІэныгъэкІэ къэзыхь пщащхэр егъэджакІуэу лэжьэну хуит щынэр. КьинэмыщІауэ, институтым щеджэхэм хуитныгъэ яІэ хъуащ къэрал махуэшхуэхэмрэ зыгъэпсэхугъэхэм хуитныгъэ яІэ хъуащ. Ушинскэм и Іэщ1агъэлІ щыпкъэр 1862 гъэм абы кьыІуагъэкІащ, хамэ къэралхэм щызекІуэ Іуэху бгъэдыхьэкІэхэм зыщитхэ-гъуэзэн мурадкІэ. Ушинскэм кьыззэкІуХьащ Швейцарием, Германием, Франджым, Италием, Бельгием щызІэ цІыхубз щколхэр, бзылъхугъэм папщІэ егъапІэхэр, сабий гъэсапІэхэр. Абыхэм щылажьэ Іэщ1агъэлІ куэдым нэІуасэ яхуэхъуащ, ябгъэдэль Іуэху зехьэкІэхэми щыгъуазэ зыхуищІащ. Абдеж щІэныгъэлІ гумызагъэр, кьэхутакІуэ емызэшыр хуэкІащ мыпхуэдэ гупсысэм: сабийкэр илъэси 8 - 10 хьхуэ унагъуэм щагъэсэжкмэ, абы щыгражьджэжмэ, нэхъ тэмэмщ. А еплъыкІэр и лъабжьэу 1864 гъэм Ушинскэм урысыбзэкІэ кьыдигъэкІащ пэщІдзэ классхэм зэрыщрагъэджэну «Родное слово», «Детский мир» тхылъхэр. Абыхэм ящІыгъут егъэджакІуэхэмрэ адэ-анэхэмрэ яхуэгъэза, егъэджэныгъэр кьыззэрызэгъэпэщыпхъэм, ар зэрегъэкІуэкІыпхъэм теухуа методикэ хэнджэщхэр зэрыт тхылъ щыхэкІ. «ЕджапІэхэм щызэтегъэуэвэн хуейщ зэпІэзэрыт хабзэ ткІийр, пэжагъэр щынэхъыщхьэ щытыкІэр. Егъэджакіуэм и лэжьыгъэм хэльыпхъэщ абы зэран хуэмыхьу гушыІэ, фІэгъэнапІэм хуэмыкІуэ захуагъэ, щабэгъым хуэзымышІэ лъагэунэгъэ, нэхъыщхьэращи, акъылым махуэ кьэс зезыгъэужь щІэ гуэр. Апхуэдэу щІэблэм дадэлажьэмэ, сабийхэм яхэлъу дунейм кьытехьа фІы псоми я хэпщІыкІыу зауныкынущ, гъащІэм, кьэнахуэреиль дунейм кьыхаха мыхъумыщІагъэхэр хуэмурэ кІуэдынущ», - апхуэдэуэт лэжьыгъэр кьыззэрызэгъэпэщпхъэу кьыльытэр еджагъэшхуэм.

А тхыльхэр иІыгъыу Ушинскэм къэралым кьыгъэззэкащ икІи абыхэмкІэ егъэджэныгъэр щызэтраублащ да хэкум. «Родное слово» тхылъыр псом хуэмыдэу цІэрыІуэ щыхъуат егъэджэныгъэм. Революцэм хуэмы итхэ ар 150-м нэсКІэ кьыдагъэкІыжащ. Идкырей школми кьыщагъэсэбэп Ушинскэм 1864 гъэм абы иритхауэ щыта псалъэухахэм ящыщ куэд.

Егъэджэныгъэр лэжьыгъэ кьудейуэ ибжу щытакъым Ушинскэм. «Педагогикэр щІэныгъэкъым - Іузхугъуэ зэхэлъ, Іэмал льагэ куэд кьыззэщІэзыубыдэ гъуэзджэ лІэужьыгъуэщ. Гъуэзджэм хуэдэу, абы и лэжьакІуэхэр хущІокъу фІым я фІыж, щІэныгъэ куу зыбгъэдэль цІыху щЭблэр хуэныкъуэ. Гъэсэныгъэр егъэджэныгъэм кьыгъэхыпІэ имыІэу епхащ. ЦІыхур Іэпкьлъэпкькли, акъылкІи, щэнкІи, зэхэщІыкІкІи кьызыхуэтыншэу гъэсэныр мыхьэнэ ин зиІэщ. Гурыщ1э кьабгъэ зиІэм щІэныгъэ кууи зригъэгъуэтыфынущ». Абы зэрыжиІэмкІэ, щІэныгъэ зыбгъэдэлъхьэ сабийм кьыгуфІыуэ хуейщ ар щЫзэригъэгъэтыр гъащІэм кьыщІэкІыжыкІ щІэныгъэм. Ушинскэм сэбэп яхуэхьун щхьэкІэу зи ныжьыгъэм хуищІа хэпхъэзыгъэр кьыпхуэмылъытэным хуэдизу инщ. Педагог цІэрыІуэм и фэеплъ нэхур щопсэу абы и кьалэмыпэм кьыпыкІа тхылъхэм, и цІэр зезыхьэ еджапІэ зэмылІужьыгъуэхэм, библиотекэхэм, уэрамхэм.

ЖЫЛАСЭ Марит,
«Адыгэ псалъэ» газетым егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и къудамэм и унафэщІ.

● Дэ кьытхуатх

ЕГЭ-рат къуаншэр?

Дыгъуэпыхь, си тхылъымпІэхэр зэхэзэдзу сызэдощысым, зы Іэрытх кьэзгъуэтыжащ. «Мыр дапщэщу пІэрэт щыстхар? Зытестхыхьари сытыт?»- жысІэурэ кьасщтэри, сфІэхьалэмэту седжажащ. Зэрыстха дыдэм хуэдэу фи пащхьэм изолъхьэ. Фигу ирихьинкІи хъунущ!..

ГЪЭМАХУЭУ, мэкъуауэгъуэ мазэу, Налшык сыкъэкІыжыкІт. Автобусым дыкъитысхьэжауэ ДыкІуэ бжьигъэр ирикъунуй дежьэу дытетт. Зы щІэкубзыщхьэ пІьэгъуэгъуэфІэрэ зы хьащджэбз цІыкІуэр къыІуахащ. (Хьащджэбз цІыкІур зэрышколаІуэр нэрылъагъут: плІэ хужьрэ кІэ фІыцІэрэ щыгът).

- Дауэ фыщытхэ? ТІысылІэ иІэ? - щІэупщІащ цІыкІубзыр.

- Зы тІысылІэ иІэщ, зы щэнти итщ, - жысІащ сэ.

- КъыІуКІ мыбы! Сэ щэнт сытесу сыкъэкІащ! - губжьауэ макъ инкІэ жиІащ хъыджэбз цІыкІуми Іуигъэзыкьыжащ. Гъуэсэ цІыкубзри (дауи, и анэу къыщІэжьІит, зэщхьт) жьІэдаІуэу ябгъэ и ужьым иуващ.

Зэбгъэдэс цІыкубзитІыр дызэпльыжри, ди щхьэр дгъэзэрэзауэ.

- А икарус пльыжьжьым цІыкІу хьщІым нэс хьэпІацІэм ещхьу дису, щІалэгъуалэр дызэрІэтым хуэдэу тхылъ деджэу. Нэхъыжь къыщухуихьамэ, хэт и сабий ди куэщІ идгъэтІысхьэн, хэт и хьэлъэ кьеІытхын жьІэу, - жысІащ сэ.

- Алыхь пэж дыдэм, - къызджИыгъащ хьызбгъэдэсым жысІар.

Ди псалъэмакъыр и кІэ нэдмыгъэсу, нетІрей зэанэзэпхъур къыІуихьэжащ: нэгъуэщІ зэрытІысхьэн яГъэтэуэ къыщІэкІынкъым.

- Алыхь нэхъыжьи егъэтІысмэ, нобэ экзамен итати, Іейуэ езэшащи аращ, - жиІащ Іаужь.

Ар икІэмкІэ илэж тІысылІэм тІысащ, хьащджэбз цІыкІур шэнт имыдам тетІысхьащ.

- Тхъэм «тху» къыиГъэхь, дахэ, - жеІащ абы, тІэкІу и нэкІу нэщхьыдзэр зэлъыІуезгъэхьын си гугъэу.

- - «Тхуи» дыхуейтэкъым, «плЫкІи» дыарэзыт! - къызэмыплъу «къызжъхидзэр» зриІуэнтІэкІащ хьащджэбзым.

«ЦІыхум нэшхуэгушхуэу «Тхъэм «тху» къуигъэхь, дахэ» къыщыжьИкІэ «упсэу» жраІэж, - жесІэ хьунут со сябэ. Ауэ а слъэгуа ЕГЭ ямыльагъужьым игъэундэрэщхуэ, хабзи бзыльхэм зыщыгъупщэжа хьащджэбзым сыщыхьэу и анэми и жагъуэ сщІакъым.

«Шэнтым со сытІысынщ, уэ си тІысылІэм къакІэу», - жысІэнри зэ си гуи къыльдат. Ауэ ари имыгъуэу къэсольытэжащ. Зы щІалэ абы и ныжьыжьи ести, апхуэдэ гукъэкІ къыхуищІакъым. «Къилжьауэ» къыльпята хьэкъым.

Куэд дыдэри дыкъэмыкІуэуэ, зыгуэр икІри хъыджэбз цІыкІум тІысылІэ тыншри игъэзтыжащ.

«Сыт мыгъуэ мыр зытетхыхьыр, зы бэлыхь дыкъеджэн ди гуГэати», - жыІэрІэнкІэ хъунщ. Ауэ апхуэдэ мыхьэнэшэн дыдэ уи гугъэхэрщ цІыкІур къыззэрыпщІыкІур. А дакъикъэм хьащджэбз цІыкІум (адыгэ хъыджэбз цІыкІум!) дигъэльагъуфащ и анэми, къэзыхуэреихь дэтхэнэми пщІэ лъэпкъ зэрыхуимыщІыр, гугъуэхь гуэри ишэчыну зэримымурадыр, адыгэ хабзэм тетыну мурад зэримыІэр.

Сэ аращ сызэреплъыр.

Фэ-щэ?..

ЛЫХЬ Людэ,
Каменномост (Къармахьэлэ) дэт, Къамбий Мухьэ и цІэр зезыхьэ 1-нэ курыт еджапІэм адыгэбзэмрэ литературэмкІэ и егъэджакІуэ.

Псы ирикъуу яІэн папщІэ

Жылэхэр псыкІэ къызэгъэпэщыным теухуауэ ди республикэм щекІуэкІ лэжьыгъэшхуэм хьыбзу Шэджэм щыналъэм 2023 гъэм псы къыщІэшыпІэщІэхэр щаухуэнущ, жыы хуэ бжьамийжэр щызэрахъуэкІынущ.

ШЭДЖЭМ Ищхъэрэ кьуажэм километриплІкІэ псы зэрыкІуэну бжьамийжэр щаукъэудиинущ, псы къыщІэшыпІэщІэхэр щащІынущ. Зы сыхьэтым кьрибыдэу кубометр 520-рэ къэзытыну ухуэныгъэщІэм ящыздзэхэр псыкІэ ирикъуу къэзыригъэпэщынущ.

Лашынкъей кьуажэмэ апхуэдэ лэжьыгъэхэр щокІуэкІ. «Псы кьабзэ» федеральнэ проектым ипкъ иткІэ, псы къыщІэшыпІэхэр зэрагъэпэщыжк, пкъыгъуэхэр, Іэмэпсымэхэр кьыхуащІуэ. Яубзыхуэ Іуэхуэхэр зэфІыхьэмэ, кьуажэдэсхэм ирикъуу псы кьабзэ яІэнущ.

Псы кьыщІэшыпІэщІэ Нартан кьуажэмэ щагъэувынущ. А уэхуэныгъэр зэфІэкІмэ, жьлэм и и ищхъэрэ пльэныкъэм щыпсэухэм зэпІуу имыІэу псыр яІэрыхьэнущ. Апхуэдэуи, псы зэрыкІуэ бжьамий жьы хуэхэр Шэджэм, Щхьэлыкъуэ, Яныкъуей кьуажэхэм щахъэжьжынущ.

НАФІЭДЗ Мухьэмэд.

Дунейм щыхъыбархэр

Кьэралым и зыужьыныгъэм хуэунэтІауэ

Урысейм и Украинэмрэ яку кьыдэхъуа зэпэщІэуэвэныгъэ и щхьэусыгуэуэ хамэ кьэралхэм я компание куэдым ди щыпІэм я лэжьыгъэр щыІэзэпагъэщІ. Абы щыгъуэми языныкъуэхэм я Іуэхуэм зегъэкІуэныр хуагъэкІуэтащ урысей хьэрычэтыщІэхэм икІи я Іуэхущ1апІэхэм я фІэщыгъэхэр яхъуэжащ я лэжьыгъэхэм адэкІэ къыпащ.

«УРЫСЕЙМ кьинащ хамэ къэрал компаниехэм я процент 75,9-р. Абы къегъэльагъуэ ди къэралым и экономикэм зыужьыныгъэфІхэр зэриІэнум щэч къызэрытрамыхьэр, апхуэдэуи я Іуэхуэхэр зэрыдэкІым арэзы къызэриІущІыр. Зи лэжьыгъэр къызыгъэувыІэхэм ящыщ. Ар лэжьыгъэр къызыгъэувыІэм къыщІэкІынущ. Ар къэралым и экономикэм зыужьыныгъэфІхэр зэриІэнум щэч къызэрытрамыхьэр, апхуэдэуи я Іуэхуэхэр зэрыдэкІым арэзы къызэриІущІыр. Зи

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

ЛІы хахуэр утыкум щощабэ

Къэрал Думэм и депутат Хамзаев Сулътан «Фадэ емыфэ Урысей» зэгухьэныгъэм и унафэщІ. Гъэ къэси хуэдэу, мыбы щІэзэпалъытащ къэралым и кІуэцІкІэ, нэхъыбэу е нэхъ мащІэу фадэ щызрахьэлІэщІыпІэхэр.

КЪЫЗЭЩІЭУБЫДАУЭ къапщтэмэ, фадэм иЛІыкІым я бжыгъэр мэбгъуэ, ефэн щызымыгъэтыжыфхэм я бжыгъэр процентилкІэ хэхъуащ. 2022 гъэм и дыгъэгъаз зэхуахьэсыжа бжыгъэхэм ялкъ иткІэ, Урысейм фадэ нэхъыбэ щызрахьэлІэ и щІыналъэу кІыщІэкІащ Сахалин, Чукотск областхэр.

Къэпщытэныгъэхэм лъабжьэ яхуэхъуащ щІыналъэ къэс щыпсэу цІыху бжыгъэм елъытауэ, фадэм иЛІыкІэхэр, сымаджэ хъуахэр, чэфу щІэпхъаджагъэ зыІэщІэщІэхэр, фадэхэкІыу ящахэм и куэдагъыр.

Фадэм щІэупщІэ нэхъ мащІэ щаІэр кавказ республикэхэрщ: Щэшэным, Дагъыстэным, Ингушым, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым.

Мы хъыбарым ирихьэлІэу дигу къэдгъэкІыжыну дыхуейт илъэс блэкІам и кІэм Башкортостаным и телевиденэм къыщыхъеи псалъэмакъыр. Зи гугъу тщІыр цІыхубэм я гукъеуэхэр жриГэлІэну, эфир занщІэ езыГэкІуэкІа депутат Ишмухаметов Рустам зыкъыхуэзыгъэзэ бзыльхъугъэм Кавказым щыщхэм къытхужиІахэрщ.

«Ди республикэм Кавказым и ныкъуэр щыІащ, щэн-щэхуэн Іуэху зэрахуэу. ЩІхь зхэр дамышрэ армэм, ди щІалэхэр унагъуэм къытрамыну? Абыхэм я лъым хэтщ цІыху укІынымр, дэ дыдейхэр - урысхэр, тэтэрхэр, башкирхэр - апхуэдэу гъэсакъым.Ахэр дашмэ, Іэхури нэхъ псынщІэу зэфІэкІынщ. Ди щІалэхэр щІыхэкІуадэр зэуэкІэ зэрамыщІэракъым, ахэр цІыхум еуэфхэркъым, щхьэ хъыбгурымыуэрэ? Дэ апхуэдэу дгъэсакъым ди бынхэр», - жиІэри, къэпсэлъащ цІыхубзыр эфир занщІэм.

«Сэ цІыхуэр лъэпкъ-лъэпкъкІи нэгъуэщІ зыгуэроуи зэхэзэдзынтэкъым, - асыхьэтым жуаап иритащ Ишмухаметовым упщІэр зэхуэзытам. - Мыр хуэсакъыурэ ефІакІа узытепсэлъыхь мыхъуну Іуэхущ, лъэпкъ зэхэгъэж пщІымэ, захуагъэм ухуэмыкІуэну. Дызэкъуэтыным и пІэкІэ, апхуэдэу цІыхуэхэр зыр адрейм щІыпІэщІэгъэувэн щхьэусыгъуэ къэтлъыхъэныр щІагъэжъым».

ИужькІэ псалъэмакъыр къыщІагъэхъеижащ «Подъем» газетми.

«Урысейм щыпсэууэ, нэгъуэщІ лъэпкъхэм къыхэкІахэм яхуэмыфащэ якІэрызыщІэм я пІэкІэ соукІыта, - щыжиІащ абдежми Ишмухаметовым. - СщІэркъым а цІыхубзым мураду иІари «кавказым щыщхэр» зыхужиІари. Кавказым щыщу къыфІэщІа сатуущІхэр а щІыналъэм щымыщыхьхэу, псалъэм папщІэ, Азие Курытым къикІауэ къыщІэкІынкІи мэхъу. Е Урысей армэм хыхьэн къалэн ямыІэхэу, дэфтэр яІэщІэлъми тщІэркъым. Ди жагъуэ зэрыхъуци, иныкъуэ цІыхуэхэр слаВян теплъэ зимыІэ псоми «кавказ щыпхъукІэ» йоджэ. Мыбдежми къыщыхъуар арагъэнщ. «Кавказым щыщщ» къыпхужаІэным уцІытеукІытыхьи щыІэкъым. Си щхьэкІэ, сэ Кавказым сыщыщымэ, абы сригушхуэнут. Ауэ мыбдежым къызэрыщыхъуам ещхьу, цІыхум кІэрымылъ кІэрыщІэн Іуэхур емыкІыщ, лъэпкъ зэпэщІэтыныгъэ къэзыгъэущ. УпщІэ апхуэдэу зыгъэуува телевизореплъми ищІар къезэгъыркъым. Псом нэхърэ нэхъ гухэщІщ ар зэныбжьэгъуГэр щытепщэ Башкортостаным зэрыщыщыр».

Дэ лъэпкъ куэду зэхэт къэралщ дыщыпсэур, - жиІащ депутатым. «Кавказец» зыфІэпщІын лъэпкъ щыІэхэкъым. Кавказ Ищхъэрэр лъэпкъ нэхъыбэ дыдэ зэрыс щІыналъэщ. Апхуэдэу абы щыпсэуэхэм уеджэнри зэхуэгъэм пэжжьэщ. Иджыпсту екІуэкІ зауэ Іуэху щхьэхуэм абыхэм хэлъхьэныгъэ хуамыщІу якІыпІэнкІэ къемыгъэзэгъ дыдэщ. Щапхъэу Шэшэн Республикэ къудейр къэсощтэнщи, езым я гукъыдэжкІэ абы икІыу кІуам нэхърэ нэхъыбэ Урысейм иткъым. Армэм дашину къызытехуэзэм я гугъу пщІымэ, военкоматхэм цІыхур къызыхэкІа лъэпкъкъракъым яГэнэхъэапэр».

«ПІы хахуэр утыкум щощабэри, лІы щабэр утыкум щоткІий», - жеІэ адыгэм. ГущІэгъу пхэлъын щхьэкІэ, лІыгъэншэу ущытын хуейуэ зыгъэувым сыт жеІэфынур? ГурыІуэгъуэщ бзыльхъугъэм и гукъеуэр зэхихуэ тІэкІри иредж. Кавказым щыщхэр зэрагъасэм утепсэлъыхь мыхъунри щыткъым.

УлахуэфІи, пщІэи, тыгъи яхуэфащэми...

«ЕгъэджакІуэм и пщІэр къэІэтыжын хуейщ» - ар и купщІэщ Узбекистаным и президентым и администрацэм и лэжьакІуэ, щІэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ щекІуэкІ лэжьыгъэм кІэлъыплъ Мирзиёевэ Саидэ утыку къыІэрихьа псалъэм.

«НОБЭРЕЙ егъэджакІуэр къулыкъущІэхэм ирагъэкІуэкІ дауэдапщэхэм пщылІу хэт Іэпыдзлъэпыдзу аращ. Ахьшэ зэтын хуэмей унэІут ящІауэ, абы унэ-унэкІэ къекІухь, бжы жыхуаІэр ибжу, лъасэу, Іэнэ зэрихьэу, шыкІэкІуалІэ комиссэ къомыр игъэкъэщІэу, зэхуэс зэшыгъуэхэм тІысыпІэ нэщІхэр щрыригъэкъурэ щхьэхуимыту газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ тридзэу», - щыжиІащ Саидэ Узбекистаным щрагъэкІуэкІа Ялъ щІэныгъэ олимпиадэм щытекІуахэм я саугъэтхэр щратыжым. - А щытыкІэм зедмыгъэхъуэжу хъунукъым. Ди президентми зэрыжиІащи *(Мирзиёев Шавкат - Саидэ и адэщ - Ч. М.)*, егъэджэныгъэм и Іуэхур зыхуей хуэдгъаззмэ, лъэпощхьэпо псори ІукІуэтынущ. Аращи, хэкІыпІэу диІэр егъэджакІуэрщ, аргуэрми - егъэджакІуэрщ!» ХабзэщІэм и проектым елэжьын щІадзакІэщ. Абы ипкъ иткІэ, егъэджакІуэм имыкъалэн езыгъащІэм тезыр щытралъхьэныр хабзэкІэ зыукъуэдий ялъ къэрал хъунущ Узбекистаным.

«Ди жагъуэ зэрыхъущи, - жиІащ Мирзиёевэм, - илъэс куэдкІэ ди сабийхэр тхуеузыгъаджэ егъэджакІуэхэр зыми хуимытУ, къащхьощыжьын ямыІэу, я улахуэри мащІэ дыдэу щытащ. Иджы а щытыкІэм дыкъымыкІыу хъунукъым».

Узбекистаным щежьа Іуэхум Урысейми джэрпэджэж щиГуэтащ. Совет зэманхэм къащІэна хьэлыжьщ, Къэрал Думэм хэтхэм зэрыжаІэмкІэ, егъэджакІуэм и пщэ къыдэмыхуэ къалэнхэр нобэми зэрихьыр. Мы гукъеуэр зиІэр Узбекистаным и закъуэкъым. Хэхыныгъэ пІалъхэм я зэхуакум кІыдзнэ далэрщ егъэджакІуэм сабийхэр ирагъэджэну зэман къыщыхуагъанэр. Я гугъу умышІ махуэ щІагъуэ дэмыкІыу зэхуахус зэІуущІэшхуэхэм. Абыхэм я нэхъыбэр къызэзыгъэпэщыр егъэджакІуэхэмрэ абыхэм я нэІэ щІэт сабийхэмрэщ, жаІащ депутатхэм.

ЕгъэджакІуэхэм я пщІэр къэІэтыжын зэрыхуейм шэч зекъуи хэлъхъуэм. Ауэ зи Іэуэльауэр иджыри мыужьыхьжа илъэсыщІэ дауэдапщэхэр щапхъэу къэхтхьынщи, Іэщ Іагъэм и пщІэр езыгъэхуэзэ егъэджакІуэхэри гъэсакІуэхэри зэрымымащІэм и щыхьэту къыпхуэзыВну адэ-анэхэм я тхьэусыхафэкэр тхуэзэтехьжьыну пІэрэ?

«ФІыщІэ фхудощІ пщІэ къызэрытхуэмышІам щхьэкІэ», - жиІэри, захуигъэзащІ ялъэ къэс щІэс и еджакІуэхэм я адэ-анэхэм Налшык щылажьэ егъэджакІуэхэм я зым. «Сыт уигу иримыкъар?» - жаІэу щыхьэзэхыхьым, удз гъэгъамрэ тортымрэ ахъшэ зыдэлъ «письмоулъэ» имыгъусаУэ ямыщІэкІащ. «ЦІыкІуэ, пщдей егъэджакІуэхэм я махуэщ» псалъэухамкІэ къыщІидзэу, ди къуажэхэми къалэхэми Іуэрыіуатэшхуэ щызэкІуэ, тхьыжьи фІэкІа хуэмейуэ. «Хэт фи гугъэ ми Іэлуминыр зэрызылъхьэнур?» - жиІэри, школыр къэзыух сабийхэм кърата Іэлъыныр къахуидзыжащ, жи, дыщэжькІэм фІыуэ хэзыщІыкІ «егъэджакІуэ» гуэрым. «И улахуэр мащІэщи аращ абы Іулъхъэ къыщІыхьихьр», - жезыгъэлахэм щрагъаджэр щІэныгъэ нэхъыщхьэ щызрагъэгъуэт еджапІэхэрщ.

ЕгъэджакІуэм улахуэфІи, пщІэи, тыгъэ щІыкІуи, ини хуэмыфащэу зыми ижэркъым. Ауэ сабийхэм я нэ къабзэкэр къыптеубыдамэ, абыхэм я гур дунейм щызыщІыкъуэ ялъ щхьэусыгъуэ умыкъуным ухуэсакъым хуейщ. Пщэдджьжь къэс ди пхъэнкІийр Іузышхэми я улахуэр инкъым, ауэ «пщІэ ятхуэфІщ» жаІэу къызэхуэзэркъым. ЕгъэджакІуэ цІэр пагэу зезыхьэну хуейм псом япэ езым и щхьэм пщІэ хуищІыжьыпхъэщ.

Тутын зыри ефэжьнукъым

ДяпэкІэ дунейм къытехьэнуэр тутыным пэІэщІэ мурадкІэ Новэ Зеландие къэралым хабзэщІэ къыдигъэкІащ. 2009 гъэм щІышылэм и 1-м иужькІэ къаІухуахэм псэуху тутын къащІэхну хуитыныгъэ яІэнукъым.

2023 ГЪЭМ къару зыгъуэта мы хабзэр дуней псом япэу къыщащтэ апхуэдэ унафэщІ, дяпэкІэ нэхъыщІэбгъэр тутыным щыхъумэным хуэгъэпсауэ.

«ЦІыху мин бжыгъэкэр нэхъыбэрэ псэунущ, я узыншагъэри нэхъыфІу щытынущ мы хабзэм и фІыгъэкІэ. Уэыншагъэр зыхумэныМкІэ министерствэм лейуэ доллар меларди 5-м нэс къыІэрыхьэнущ, сыту жыпІэмэ, тутынкІэ щхьэусыгъуэ зыхуэхъуэ узэкэр зыпкърытхэр дохутырхэм я гъэхъужкэн хуей хъунукъым. Абыхэм яхеубыдэ инфарктхэр, инсультхэр, лышхым и лІэужьыгъуэхэр», - щыжиІащ хабзэр щыпхагъэкІа утыкум Новэ Зеландием узэшыгъэр хуумэныМкІэ и министрым и къуэдзэ Верралл Айшэ.

ХабзэщІэр щІэдзапІэ хуохъу Новэ Зеландием щыщхэм тутыныр хьэфІрагъэдзэжьпэн папщІэ ирахьэжьэ жэрдэмышхуэм. Я пІпъапІэр 2025 гъэм ирихьэлІэу къэралым тутын ефэныр щыгъэкІуэдыкъэныщ. КъыщынэмыщІауэ, хабзэм ипкъ иткІэ, Новэ Зеландием тутын щащэ тыкуэнхэр пщІы бжыгъэкІэ щагъэмэщІэнущ, тутыным халъхьэ никотиным и куэдагъэм къыщІэхунущ. 2023 гъэр и кІэм нэсыху тутын щащэ тыкун 600 фІэкІа къагъэнэнэщым.

Дызэрыт зэманым Новэ Зеландием тутын щофэ щІыхубэм я процент 13-р. Ар тхукІэ нэхъ мащІэщ илъэси 10 ипэкІэ Іуэхур зыІутам нэхърэ. ЗэрыжаІэмкІэ, тутынафэ нэхъыбэ къахокІ маори лъэпкъым щыщхэмрэ Хы Щхэум и хитыГуэхэм щыпсэу, хэхъэшхуэ игъэтыху, урыс ІэщІагъэлІэкэмрэ мэкъумэшыщІэхэмрэ я узыншагъэр къутащ. АпщІондэху Европэм щыІа езы Пётр Урысейм къэкІуэжри, тутын щрамыф «къэрал кІуэцІрыхуар» европей щэнхабзэм лъэщыгъэхьэжьын мурадкІэ тутын ефэныр модэ ищІащ. Езыри ефэрт, и гъусэхэми тутын емыфэу яхудэрэгъэкъым.

Пётр Езанэм и тутын хъыбарым адыгэхэри гъэщІэгъуэну къыхуоуэ.

«Пётр Езанэм псоми тутын зэрЗурилъхьар» тхыгъэр зи Іэдакъэщ Іэкъым зэрыжиІэмкІэ: «Тутын шыхьэрэ махоркэрэ къыщыщІагъэжІ ялъ заводыр Ахтыркэ къалэм 1716 гъэм щаухуащ. Дестынэ 50-м хасэ американ жылэм гъэ къэс тутын тонни 115-рэ къытрахьжырт. Фабрикэм ирапхауэ лажьэрт мэкъумэшыщІэ унагъуэу 550-рэ. Щэрджэс Хэкум къраш щалэ цІыкІуэхэр ягъасэу щытащ ди цІыхуэхэр тутын щыкІэ ирагъэсэну Голландием къраша ІэщІагъэлІэкэм».

Ауэрэ тутыным къэралыр зэщІищтащ. Уеблэмэ Екатеринэ Щэджащэр Урысейм ятуын тутын зыщыІурызэлъхьа цІыхубзу къыщІокІ. Тутын ефэу икІи епэму щыта Павел Езанэм и щхьэ куущыр 1801 гъэм гъатхэпэм и 11 - 12 жэщым зэрыкІуэцІраудари тутынылъэщ.

Адыгэхэм я дежь зыкъэдгъэзэжкэм, хабзэ щыІащ тутын ефэну зыдалъэгъуар къуажэм къыдахауэ. Нобэми нэхъыжьым и пащхьэ тутын ущефэныр емыкІущ. Ди жагъуэ зэрыхъуэщи, школым щІэс хъыджэбз цІыкІуэхэм «электрон сигарет» жьхуаІэхэри абыхэм нэхъэ нэхъ гуащІэхэри зэрахьэу хъыбар зэхыдэк. «Ар зэманым и нэщэнэщ» зэкъуэгъэлІэфын адэ я ди Къэбэрдей-Балъкъэрым исинкІи зэрыхъунур фІэщ щыгъуэйщ.

«Махуэкум» и къыдэкІыгъуэр зыгъэхьэзырар **ЧЭРИМ Марианнэщ.**

● ТхылъыщІэ

«Линэ и удз гъэгъахэм» щІылъэм къыщаІуэтар

Тембот Аслъэнбий и фэеплъу», - тетхащ «Шыкъулътыр» усэм. УсэмкІэ дегъэщІыху шыкъулътырыр.

Шыкъулътыр ажэшхуэр плъыру
Тетщ къурш лъагэм, бгым къеплъыхьу.
И лъэр быдэщ, и нэр жанщ,
Мысыр сэшхуэм ещхьщ и бжьитІыр.
ЩІхьэр еІэтыр, хешыр и пщэр,
Тегъэхуауэ тхьэкІымитІыр,
Къурш бэуэкІэм щІодэІукІыр.

Девгъэплъыт тхыдэ напэкІуэцІхэм дыщызыІущІэ усэ зыбжани. ГъэщІэгъэуну гъэпсащ «КъырымІэпэ» усэр. Удзыр къыздикІари, ар зэрызэранри, зэрызиубгъуари къыгъэлъэгъуэ:

Дэнэ щыпІэ къикІт а гъуамэр?
Сыт зэманым дищІ къихьа?
Мы упщІитым я жэуапыр
Удзым и цІэм хэгъэпщкІуащ, - жеІэри уегъэупсысэ, адэкІэ абы теухуауэ къигъэнэІуэнум упигъаплъэу икІи уигъэпІащІэу.

Кърым хъаныр и шуудзэм
Ар зэгуэрым къыздахьащ,
Жылэр щыкІэхэм хэпхъати,
Гъуэгуэхм, губгъуэзэхм къинащ.
ЩымыІэжми хъаныдзэр,
Ежьужь удзыр мыкІуэдыж.

«ЩІэрыкІуэ» усэм щытопсэлъыхь абы и фІэщыгъэр «КІуасэуэрэ бэгъуэн зэрыфІэфІым» къызэрыхэкІам. ИтІанэ тхыдэмкІэ зегъаззэ. Дэнэ ар къыздикІар, къыщыуэхуар?

Ижь-ижьыжкІэ хадэхэкІыу
Мыр я хадэм щащІэ хъуат,
Христофор Колумб Европэм
Къришахэм ящьщ зыт.

Гулъытэ хуеущ щІэрыкІуэр зэрысэбэпми:

Хэлъщ хущІэуэшхуэ лъабжьэщІэкІэм,
ПэщІэуэвэу фошыгъу узым.

«ХьэмкІутІей» зыфІищащ усэм и пэм къриГъэуващ Уэрэзей Афлик и сатырхэр:

Сэшхуэу хьэмкІутІей зыкІэрыщІащІауэ,
Чыцэ мэзыр ди зауэлІ хэщІапІэт.
А къэкІыгъэм и тхыдэми дыхоплъэ:
ПщІэ щыхуащІт абы Европэм,
Къыхоущ куэдрэ Альдж тхыдэм,
ФІэфІт еплъыну Чынгызхъан
ХьэмкІутІейм и гъэГъа хужьхэм.
Сэбэпышхуэу жыгым пылъыр
ФІыуэ щащІэрт Къэбэрдейми,
И пхъэ быдэр, жырым хуэдэр,
Ящ1т дамэкъуэ, баш плъыжь дахэ.

ХьэмкІутІейр узыншагъэмкІэ къагъэсэбэпу щытащ:

Ягъэхъужт и тхьэмпэм, пхъафэм
Гум хэт зуи ныбз узи.

«Линэ и удз гъэгъахэр» усэ тхылъым иІэщ псалъэгъэнахуи. Псэущхьэхэмрэ щхьэкІыгъэхэмрэ, ахэр къыщыкІ щІылъэкъм я фІэщыгъэр гурыІуэгъуэ щещІ абдеж.

Тхылъым и фІагъэм ящыщщ абы ит тхыгъэхэр ахэр зи Іэдакъэщ Іэкъым езым триха сурэтхэмкІэ зэрыгъэщІэрщ. Тынышщ: усэм укъоджэри, и щІагъымкІэ сурэтым ущоплъэж, фІэщыгъэхэм къыбгурымыІуэ яхэтми, псалъэгъэнахуэмкІэ къыщыбгъуэтри, зыбгъащІэ.

Тхылъым ит тхыгъэхэм щІэныгъэ зэрахэлъым, псалъэхэр щэрыуэу зэригъэжьэгум нэмыщІ, усэхэм художественэ дуней ущрохьэлІэ: «Тегъэхуауэ тхьэкІымитІыр, къурш бэуэкІэм щІодэІукІыр» («Шыкъулътыр»), «Іэгум ижу и пкъыр псыгъуэт» («Щомыщ»), «Тхьэмпэ кІыхьым жьыр еубыдри, тельщ псы щыІуым хьэфэ топу» («ПсыенэБ»), «ЗэрыпъэкІкІэ зищІу ІьаГэ, зыхуищІыну гъунэгу дыгъэм» («ТІуПІ дэжей»), «ЕщхьэнэпсыщІыпІыкІым, тхьэмпэм ибгуэхэр ещІыр псыф» («Удз гъыринэхэр»).

«Линэ и удз гъэгъахэр» ди щІыуэпсыр зэрыбейм щыхьэт текъуэ тхылъщ. Мыбы балигъхэри нэхъыщІэхэри дихьэхынущ. Псом хуэмыдэу тхылъыр къахуэщхьэпэну си гугъэщ ныбжьыщІэхэм, курыт еджапІэм щІэсхэм. Ящрауэ, къэкІыгъэхэмрэ псэущхьэхэмрэ зэригъэщІыхуну дихьэх щыкІуэр а гъэщІэгъэн ящрыхъум нэхъри кууэу хишэнущ; етІуанэрауэ, зи гупсысэр зэрыбыдэ щыІей школакІуэхэр мыбы итхэм еджамэ, гущІэгъум, гудзакъэм хуиущиинущ; ещанэрауэ, тхылъыр щапхъэ яхуэхъунущи, лъэпкъ тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ гулъытэ хуащІыным щыкІуэр нэхъри хущІэкъунущ. Ехьуапсэу, усэ щыкІуэр ззэзыгъащІэм абы хэлъ щІэныгъэр игъащІэкІэ и щхьэм кІинэнчущ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Іуащхьэмахуэ и хьэщІэщ

Илъэс блэкІам Іуащхьэмахуэ лъапэ зыщаплъыхьащ щІыхь 1 мелуаным нэхърэ нэхъыбэм. Мы зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрым турист гъэзугу 57-рэ иІэщ. Я гугъуагьКІэ ахэр хьуэ гуэшащ. Псоми зэхэту абыхэм я кІыхьагьыр километр 1 миным щІегьу. 2022 гъэм а гъэзугуанэхэр зэпачащ турист гупу мини 2-м щІигъум - щІыху мин 16-м.

● Ухуэныгъэхэр

ПСОМ ящхьэр кІуэ пэтми зи бжыгъэм къыхэхъуэ туристхэм я шынагъэншагьэр лъэныкъуэ псомкІи къызэрыхъуэтыншэу къызэгъэпэщынырц: хэткІи щэхукъым ди къурш джабзкэм къэхъукъащІэ шынагъуэкэм къызэрыпамыкІыхьэр, абыхэм щІыхуэхэр щыхэкІуадэ къызэрыхъур. ЗыпЛъыхьакІуэхэм я шынагъуэншагьэр, къегъэлакІуэ службэхэм къищынэмыщІауэ, куэдкІэ елъытащ къуршым щыІэ лэжьыгъэ къызэгъэпэщыкІэм, хуэІуэхущІэхэм, ухуэныгьэ щхьэхуэхэм. Абыхэм ящыщ зыщ Урысейм и хьэщІэщ нэхъ тельыджэ дыдэу къалъытауэ щыта альпинистхэм я «Приют 11» хьэщІэщыр. Курыкъыбгъэхэм я пкъым и теплъэр зиІэ ухуэныгьэ иныр метр мини 4200 лъагагъым щыбухуэныр Іуэху къызэрыгуэкІтэкъым.

1909 гъэм Кавказым и бгырыс обществэм щыщ школакІуэ 11 Іуащхьэмахуэ дэкІыну екъат. Абыхэм загъэпсэхун хуей щыхъум, щІыпІэ жьыгъуэджэу къалъыта къыр лъащІэм лагерхэр щагъэуващ икІи гъуэгуанэ зэпаупщІхэр къагъэлъэгъуэн папщІэ къызэдащта лэчымкІэ ину лагерым «Приют 11» фІэщыгъэр тратхащ, езыхэр зэрыхъу бжыгъэм тещІыхьауэ.

1929 гъэм альпинист Раковский Владимир мурад ищІащ а щыпІэм къыщыхутэхэм зыщагьэпсэхун пхъэ унэ щиухуэну.

Хьэзыр хъуа унэр Іэхуитльэхуитт, щыху 40 щІэхуэу, ауэ абдежыр ящэу увыІэпІэ зыщІахэм я фэеплъу «Приют 11» фІэщыгъэр къагъэнэжащ.

Зэманыр кІуэурэ, пхъэ унэм и пІэм щІыхуи 100 зыщІэхуэн хьэщІэщ къыщащ. Ар жьы зэпеуэм пэщІэтыфын хуэдэу къигупсысащ проектыр зыубзыхуа конструктор Попов Николай. Апхуэдэ щыкІэкІэ 1939 гъэм и бжьыхьэм зыми емыщІы ухуэныгьэр яублащ.

Альпинистхэм я екІуэлаІэпІэ, СССР-м и ЩІэныгъэ академиер зэманкІэ щІэлэжьа, Европэ псом нэхъ щыгъаз бгы щыгу хьэщІэщу къекІуэкІа, уебламэ Хэку зауэшхуэм пхыкІа «Приют 11»-р щІыхур зыхуей псомкІи къызэгъэпэщат. 1998 гъэм хамэ къэрал къикІа хьэщІэхэм ящыщ зым и эрранкІэ хьэщІэщым мафІэ къыщІэнэри, зэбгъэпэщыжьын хэмылъыжу исыпащ. Абы льаендэрэ альпинистхэр къыщызэтеувыІэу щыІэр вагонеткэ ягъэувахэр.

Илъэсыщ Іэм ипэ къихуэу Къэбэрдей-Балъкъэрым лажьыгъэ Іуэхуу КІэ къэкІуащ къэхъукъащІэ шынагъуэхэмкІэ Урысейм и министр Куренков Александр. Абы зригъэлъэгъуащ ди республикэм и бгыльаэгэ-къегъэлакІуэ Іэнатіэм и лэжьакІуэхэр къызэрызэгъэпэща щыкІэр. Аэращ щытыкІэ гугъум ихуа альпинистхэр къегъэлъныр зи кьалэнкІэр.

АльпинистхэмкІи къегъэлакІуэхэмкІи мыхьэнэ ин зиІэу къалъыта «Приют 11»-р 2025 гъэм ирихьэлІэу щІэрыщІэу яухуэжынущ, ипэм иІа архитектурэ теплъэр ямыхъужму. ЕкІуэлаІэпІэ къудей мыхъуу, дяпэкІи ар къеГъэлакІуэхэми я увыІэпІэу щытынущ. Метр мини 4200 лъагагъым щыІэ ЩІэныгъэм къегъэлакІуэхэр Іуащхьэмахуэ и унэм щылэжьын къегъэлакІуэхэр Іуащхьэмахуэ и щІыгу и джабзхэми тыншу нэсынущ, щыху нэхъыбэ насыпншагъэм щахъумэфынущ.

УхуэныгьэщІэр зыхуэдэнур яубзыхуныр мы гъэм и КІэхэм хуэзэу хьэзыр ящынущ. ЗэкІэ зи гугъу тхуэщІыгъэращи, къытипІ хьуну уэнм метр зэбгъуэзнатІэ 1038-рэ и инагъынущ. Абы щыщу метр зэбгъуэзнатІэ 200-р МЧС-м иратынущ. Адрейр хьэщІэщу щытынущ, щІыхуэхэр зыхуеину псомкІи къызэгъэпэщауэ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● Джиу-джитсу

Джатэгъэжьым и екъулІэныгъэ

2022 гъэм дыгъэгъазэм и 13 - 18-кэм Санкт-Петербург къалэм щекІуэкІащ бразил джиу-джитсу спорт лІэужьыгьуэмкІэ дунейпсо чемпионат. Абы хэтащ Тэрч щІыналъэм и спортсменхэри. Килограмм 75-рэ хъухэм я зэпеуэм япэ увыпІэр къыщихьащ Джатэгъэжь Азэмэт, икІи бразил джиу-джитсумкІэ дунейпсо чемпион щІэр абы къихьэхуащ. Апхуэдэуи щалэм етІуанэ увыпІэр къыщихьащ я хьэлъагьымкІэ мыгуэшауэ нэхъыфІхэр щыізэпеуэжа Іыхьэми. Зы махуэм къриубыдэу Джатэгъэжьыр 8-рэ бэнащ.

АЗЭМЭТ спортым илъэс 20-м щІигъуэ хэтщ, дзюдомрэ самбэмкІэ спортым и мастер щІэр зэрехьэ. Спортым дихьэха, абы хуэрыщ щІалэм екъулІэныгъэ куэд къыщихьащ бгырыпх бэнэкІэм, самбэ зэхэтхэм, нэгъуэщІ спорт лІэужьыгьуэхэми. Бразил джиу-джитсум Джатэгъэжьым мазитІ хуэдэкІэ зыхуигъэхьэзырауэ арат, абы зэи хэмытауэ.

Азэмэт курыт еджапІэм и ешэн классым къыщыщІэдзауэ ар кІуухьу и гъэсакІуэу щытар Тэрч къалэм самбэмрэ дзюдомкІэ и школым и гъэсакІуэ нэхъыжь Мырзэ Тимуржь. Иужькіэ Джатэгъэжьыр щджащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и агрономие факультетым. А илъэсхэми ар жыджэру спортым хэтащ, зыщигъэсар Иванов Дмитрий и дежщ. Спортсмен ныбжьыщІэхэм ядэлэжьэну хуитыныгъэ иІэн папщІэ, Азэмэт 2017 гъэм егъэджакІуэ-гъэсакІуэ Іэщ Іагъэри щыізэригъэгъуэтыжащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щІэныгъэ щыхьатыгъэ Іуэху щыщІапІэм. Ар Налшык къалэм илъэсищкІэ щылэжьащ, щІалэ щыкІуухэр игьасэу.

Джатэгъэжьым спортым теухуауэ и мурадщ иджыри и ныбжьхэм яхэту зэпеуэхэм и зэфІэкІ щепльыжьну, ауэ нэхъыбэу дяпэкІэ зытригъэщІэнэр джиу-джитсу ЛІэужьыгьуэращ.

- Санкт-Петербург щекІуэкІа зэхьэзэхуэр сыт и лъэныкъуэкІи дагъуэншэу къызэрагъэпэщат. Къапщтэмэ, абы сызэрыхэтам, пашэ сызэрыщыхъуам си дежкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ, си екъулІэныгъэхэм ящыщу нэхъ сызэрыгушхуэр. Пэжыр жысІэнщи, профессиональнэ спортым сызыхэкІын хуей хуэдиз щытат зы зэман, си Іэр къута иужькІэ. Апхуэдиз лъандэрэ спортым сыхэтауэ, а Іуэхум и зэранкІэ зэман куэд зэрысфІэкІуэдар си гум кьеуэрт. Чемпионатым гупсэхугъуэ къызитыжащ. АдэкІи ди зэфІэкІ деплъыжьыну, нэхъыбэжьым дыхущІэкъунщ, - жеІэ спортсменым.

Ту зыльытапхъэ: Тэрч районым щыщу иджыри щыхуитІ къыхэжаныкІащ Санкт-Петербург къалэм бразил джиу-джитсу спорт лІэужьыгьуэмкІэ щекІуэкІа дунейпсо чемпионатым. Дыгъэгъазэм и 18-м килограмм 75-рэ зи хьэлъагьэм я зэпеуэм етІуанэ увыпІэр къыщихьащ Герков Сосрэн; килограмм 95-м нэсхэм я гупым ещанэ увыпІэр къыщихьэхуащ Гуэныкіэ Заур.

ЩІалэхэм дяпэкІи ехьулІэныгъэ куэд я щІыналъэм къыхуахьыну ди гуапэщ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

«Автозапчасть»-м щІалэгъуалэр хегъэзыхь

ЩІышылэм и 14, 15 зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм футболымкІэ и щІымахуэ чемпионатым и гуп нэхъыщхьэм я зэІущІэхэр екІуэкІащ. ЯфІэзэщІэгъуэну щІыху нэхъыбэ зэпльар топ куэд хьэрхуэрэгъуэм я гъуэм дэзыгъэкІа, зэкІэ хэщІыныгъэншэу джэгу, япэ увыпІэм щыт Бахьсэн и «Автозапчасть» командэмрэ Налшык и «Спартак-Д» щІалэгъуалэ гупымрэ я зэхуэзэрщ.

ЯПЭ ІЫХЬЭМ тІури ерыщу зэпэщІэтащ, топ зырызи гъуэм дагъэкІыфын яхуэзфІэкІащ. Апхуэдэу зэрыгъэмыгъакІуэу, бжыгъэр 1:1-уэ, зэгъэпсэхун щІадзащ. Аращ мы джэгугъуэм ирихьэлІэу ебланэ увыпІэм щыта щІалэгъуалэр бжьыпэр зыІыгъ «Автозапчасть» командэм зэрыпэщІэтыфар. Бахьсэндэсхэм етІуанэ джэгугъуэ Іыхьэм я зэфІэкІыр зы щхьэкІэ нэхъ зэрыльагэр Іупщу кьагъэльэгъуащ икІи къыкІэлъыкІуэ ебланэ текІуэныгъэр зыІэрагъэхьауэ япэ увыпІэм зэрыщытщ.

Зэ фІэкІа хамыгъэщІа Зеикъуэ и «Шагъдий» командэм бжьыгъэшхуэкІэ текІуэныгъэ кхихьащ. 4:1-уэ абы Малкъ и «МАХ»-р, таблицэм ику ит командэр, хигъэщІащ.

Нэхъ бжьыгъэшхуэ здэщыІар Альтуд и «Искра» командэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетымрэ я зэІущІэрщ. 8:1-уэ къыхагъэщІа иужь, студентхэм я Іуэхур нэхъри нэхъ хэпльагъуэ хуащ икІи джэгугуыиблым зы очко фІэкІа къамыхьауэ къыщыхутащ иужь ыныІэм.

БжьыгъэшхуэкІэ текІуэныгъэ къэзыхьа, хабзэ хуэдиз нэхъ зэфІэкІ зиІэ командэхэм ящыщщ «Тэрчыр». Абы хуэзфІэкІащ 5:0-уэ Къэрэгъэш и «Инал» командэм текІуэну «Спартак-Д»-«Тэрч», «Инал» - «Горис» - «Бабугент», - «МАХ»; *щІышылэм 22-м* – «Локомотив» - «Искра» - «Шагъдий». «Локомотив» - «Искра» - «Бабугент», «ХьэтІохъущыкъуей» - «Псы-гуэнсу», «ГорИс» - «Бабугент», «ХьэтІохъущыкъуей» - «Псы-гуэнсу».

ЩІышылэм и 21-м – «ЩІэджэм – 2» - «Автозапчасть», «Мурбек-ФШ» - «Бабугент», икІи джэгугъуихьм иужькІэ етхуанэ увыпІэм щытщ.

Куэдым яфІэтэщІэгъуэнащ мы иужь джэгугъуэхэм ипэ къихуэу ещанэу щыта «Искра» - «Бабугент» зы текІуэныгъэ фІэкІа зимыІэу, зи Іуэху мыщІагъуэхэм яхэта «ХьэтІохъущыкъуей» 2:0-уэ яущыхэзэрыхигъэщІар.

Зи Іуэху езыгъэфІэкІуэу, ещанэ увыпІэм къыщыувыІа командэщ 4:0 бжьыгъэшхуэкІэ «Локомотив» гупыр хэзыгъэщІа Налшык и «ГорИс»-р.

Адрей зэІущІитІыр мыпхуэдэу иухащ: **«Мурбек-ФШ»** (Налшык) – **«Бабугент»** (Бабугент) – **2:0**, **«ЩэджэмІ-2»** - **«Псыгуэнсу» - 4:1**.

КъыкІэлъыкІуэну зэІущІэхэр дызыхуэкІуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэхэтнущ. *ЩІышылэм и 21-м* – «�щэджэмІ – 2» - «Автозапчасть», «Мурбек-ФШ» - «Бабугент»,

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм и щІымахуэ чемпионатыр зэрекІуэкІыр						
Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Автозапчасть»	7	7	0	0	26-17	21
2. «Шагъдий»	7	6	0	1	21-9	18
3. «ГорИс»	7	5	1	1	20-13	16
4. «Искра»	7	4	2	1	21-17	14
5. «Тэрч»	6	4	1	1	21-4	13
6. «Ислъэмей»	7	4	1	2	17-10	13
7. «МАХ»	6	3	1	2	15-20	10
8. «ЩэджэмІ-2»	7	3	1	3	13-15	10
9. «ХьэтІохъущыкъуей»	7	2	0	4	9-14	9
10. «Спартак-Д»	7	2	1	4	20-23	7
11. «Инал»	7	2	1	4	12-26	7
12. «Псыгуэнсу»	7	1	2	4	9-19	5
13. «Бабугент»	7	1	1	5	3-16	4
14. «Локомотив»	7	1	1	5	9-24	4
15. «Мурбек-ФШ»	5	1	0	4	9-18	3
16. «КъБКъУ»	7	0	1	6	8-26	1

● Футбол

● ГукъэкІыжхэр

ЗэныбжьэгъуитІ

Мы тхыгъэр зытеухуа щІалэ бжьыфІитІыр псэужамэ, я ныбжьыр илъэс 67-рэ ирикъунт. Ауэ, Алыхьым апхуэдэу иухати, зэкъуэшитІым хуэдэу фІыуэ зэрыльагьуу зэбгьэдэтахэр гьащІэ кІэщІу къыщІэкІахэщ. Сигу къэзгъэкІыжу, сызытетхыхьыну сызыхуейр Аруан къуажэ къыщалъуахэу, сабийуэ къыздэсъуахэу, зэдеджахэу, балигъ хъуа иужькІи зэпымыууэ зыльыгьуаззу щытахэу Хьэжыкъарэ Аликрэ Чыгъэду Мухьэрбийрэщ.

ХьэЖЫКЪАРЭ Алик и щІалэгъуэм «Кабардинка» ансамблым хэтати, и къэфэкІэм удихьэхыу уемыплъыныкІэ Іэмал иІэтэкъым. Илъэс куэдкІэ хъыбарыщІэхэм я редакцэ нэхъ Іэнатіэ гугъум икІи жэуаплынигъэ зыпылъым и унафэщІу республикэ радиом щылэжьащ. Илъэсипщ Ікі Алик сыдэлэжьэну къысхуихуащи, и гъащІэмрэ ІуэхущІафэхэмрэ фІыуэ сыщыгъуаззу схужьІэнущ. Псом ящхьэрати, си фІэщ хуэгъэкъым, фочеубыдыІлІ-ми, абы пщы пхуегъэупсыну. ИтІанэ, мы дунейм тету къыщІэкІынтэкъым адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ зэребгъэбжъуэфын. Ещанэрауэ, и анэдэлъхубзэр екІуэр ещхьу игъэшэрыуэт. Лэжьыгъэм теухуауэ зэш зымыщІэт икІи егъэлеяуэ гумызагъэт. Алик и унэ уІуфхамэ, уримыгъэблагъэуэ, сытым и дежи зи нэгур зэІуха, и щхьэгъусэ гуапэ икІи нэмысыфІэ Риммэ Іэфі дыдэу икІи ныбжьыкІэ щхьэ шхын зыІуумыгъэхуауэ укъызэрыІуигъэкІыгъ щыІэ Іэтэкъым. Зэщхьэгъусэхэм я зэхуаку дэлъ зэхуэщытыкІэ дахэмрэ нэжэгужагьэмрэ уатхъэкъуртэ, зэманыр зэрыкІуам гу лъымытэу псынщІэу блэкІырт. Япхъу закъуэ Альбини яхуэфащэну дахэу ягъэсащ икІи унагъуэ екІу ихьауэ, быни игъэтауэ насыпыфІэу мэпсэу.

Инужь илъэсхэм Алик «Адыгэ псалъэ» газетым щылэжьаити, тхыгъэ купщІафІэ куэд и къалэмыпэм къыщІэкІащ икІи и унафэщІэр къыхуэарэзыкъуэ, гупым пщІэ къыхуащІу яхэтащ.

Хьэжыкъарэм и унагъуэм хужьІтІа псалъэ гуапэ дыдэхэм хуэдэ хуэфащэщ и ныбжьэгъу пэжу къекІуэкІа Чыгъэду Мухьэрбии. Ар Музыкэ театрым и солист. ПІалъэ кІэщІым щІэрыІуэ хъуа «Сосрыкъуэ» ансамблым уэрэджьІакІуэу хэтащ. Мухьэрбии бынунагъуэ хъарзынэ къыщІэнащ. Илъэс 40 фІэкІа къимыгъэщІами, лэжьыгъэфІ къызэринэкІащ абы.

ЗэныбжьэгъуитІыр зэ нэхъ мыхъуми уэршэрэгъу къыпхуэхъуамэ, си фІэщ. Хьуртэкъым щІэхфІхэ пщыгъупщэжьну, пІалъэ кІыхькІэ уи гум гуапэу имыльыну. Езыхэм къащыщІа дыхьэшэн Іуэхугъуэ куэд, псом хуэмыдэу я сабиигъуэм, щІалэгъуэм епхауэ щыжаІэжкІэ, уи гур хагъахъуэрт.

Аликрэ Мухьэрбийрэ апхуэдизкІэ цыхугъэ яхэлъти, яцІыхуми ямыцІыхуми лъэІуэкІэ зыгуэрым зэкъухумгъэзамэ, яхуэзфІэкІыххэнумэ, дунейм тетэкъым «хьэуэ» зэрыжаІэн.

Апхуэдэ цыху гуапэхэм уадэлэжьэнри ныбжьэгъуу укъалъытэнри насыпышхуэт.

ШАФИЙ Аслъэн.

Я зэпыщІэныгъэм зрагъэубгъу

Урысей МВД-м Налшык къалэм щиІэ управленэм щекІуэкІащ балигъ мыхъуахэр кІэлъыплъыныгъэншэу къэмынэным, хабзэм емыбзэкъуэным зи лэжьыгъэр хуэунэтІа ІэщіагъэлІхэм я зэІущІэ.

Я ЛЭЖЬЫГЪЭМ кърикІуахэм, къапэщыт къалэнхэм щытепсэлъыхьа зэІущІэм хэтащ Налшык къалэм щыІэ УМВД-м и унафэщІ, полицэм и полковник Шыбзыхъуэ Хьэчим, полицэм и подполковник Жантуев Залым, къулыкъущІэхэм ядэлэжьэныкІэ къудамэм и унафэщІ, полицэм и полковник Зэрэкъуэ Ислъам, управленэм балигъ мыхъуахэм я ІуэхуэхэмкІэ и къудамэм и унафэщІ, полицэм и полковник Шорэ Маритэ сымэ.

Управленэм и унафэщІ Шыбзыхъуэ Хьэчим балигъ мыхъуахэр хабзэм емыбзэкъуэным, ахэр нэхъыжьхэм я нэІэм щІэтыным ехьэлІауэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм папщІэ фІыщІэ яхуищІащ РТЦЗЭС-м и Налшык къалэ къудамэм балигъ мыхъуахэм ядэлэжьныкІэ и Іэнатіэм и унафэщІ Бэдракъ Аминэ, Налшык къалэм и щІыпІэ администрацэм Балигъ мыхъуахэм я Іуэхуэхэмкі, абыхэм я хуитыныгъэхэр хъуумэныкІэ и комиссэм и лэжьыгъэр къызэрэпэщыныкІэ и къудамэм и Іэщіагъэлі пажэ Курдановэ Людмилэ, Сабийхэмрэ щІалэгъуалэмрэ я творчествэмкІэ уардэнэм и психологие Іэнатіэм и унафэщІ Апажэ Валерэ, Налшык къалэм дэт гимназие №1-м социальнэ Іуэхуэмкіэ и егъэджакІуэ Балъкъыз Элеонорэ, курыт еджапІэ №20-м и егъэджакІуэ-психолог ГьущІапщэ Мадинэ, «Виддер-Юг» Медицинэ центрым и генеральнэ директор Хьэджимыкъуэ Руслан сымэ.

Къызэхуэсахэр тепсэлъыхьащ 2022 гъэм ирагъэкІуэкІа Іуэхуэхэм кърикІуахэм, адэкІи зэрызэдэлажьэнум. ГупыпІэ хэха хуащІащ балигъ мыхъуахэр хабзэм щебэкъуэ, щІэпхъаджагъэ щалэжь къэхъумэ, и чэзум къыщІэзгъэщІн зэрыхуейм.

ІэщіагъэлІхэми къыхагъэщащ егъэджакІуэхэмрэ балигъ мыхъуахэм я Іуэхуэхэмкіэ инспекторхэмрэ быдэу зэпыщІагъэ зэрызэдалажьэнырщ, - къыхагъэщащ къызэхуэсахэм.

ЗэІущІэр гуапэу иухащ. Полицэм и полковник Шыбзыхъуэ Хьэчим хъущІэхэм фІыщІэ тхьпІэхэр яритащ, дызыхьыхьа Ислъэсщіэмкіи екъуэхъуащ.

БАХЪСЭН Ланэ.

● УФСБ-м къет



Суд приставу щытар ягъэкъуаншэ

КЪБР-м щыІэ УФСБ-м, Урысейм и суд приставхэм я Управленэу КЪБР-м щыІэм я лэжьакІуэхэм экономикэм пыщІа щІэпхъаджагъэхэм япэщІэтынымкІэ Іуэхуэр щрагъэкІуэкІыи къызэпаудащ суд приставхэм я Дзэлыкъуэ район къудамэм и лэжьакІуэу щыта Джатэ С. М. зэрихьэ хабзэншагъэр.

Зэраубзыхуамкіэ, Джатэ С. М. зыкІэщІиупщІащ цыхуэхэм ятелъ щыхуэхэр хуапшыныжьыным хуаутІыпща ахъшэр.

Дзэлыкъуэ район судым къару зыгъэта и унафэм ипкъ иткІэ Джатэ С.М. къуаншэу къалъытащ УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и 3-нэ Іыхьэм къыщыхьа щІэпхъаджагъэм хуэдэ зэрилэжьамкІэ. Абы условнэу илъэси 3 тралъхащ, илъэситкІэ абы кІэлъыплъынущ икІи къуэдыри ирагъэпшынысынущ.

● Бильярд

Полицэм и капитан Хьэщіэлі Залым и фэеплъу Налшык къалэм бильярдымкІэ турнир щекІуэкІащ. Ар къызэригъэпэщащ «Динамо» Урысейпсо физкультурэ-спорт зэгухьэныгъэм и щІыналъэ къудамэм.

ЗЭХЬЭЗЭХУАХЭЩ Урысей МВД-м ди республикэм и районхэм щІэ къудамэу 5-м, КЪБР-м щыІэ УФСИН-м, республикэ МЧС-мрэ УФНС-мрэ я лэжьакІуэхэр. Зэпеуэхэм яхэтащ къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ органэм илъэс куэдкІэ щылэжьа ветеранхэри: Къудей Арсен, Къущъхэ Ахьмэд, Джибилов Олег, АрІэнэ А.Г. ЕкІуэ зыкъагъэльагъуэурэ финалым и Іыхьэ пІанэм нэсат ахэр, ауэ адэкІэ я хьэрхуэрэгъуэкр ятекІуащ.

Апхуэдэуи ОВД-м и ветеранхэу Бекъуэ СулътІанбэчрэ Гъуэгунокъуэ Аслъэнрэ финалым нэсащ икІи бильярдым нэхъ хуэІэзэр абдеж щызэхагъэкІащ - бжьыпэр иубыдащ Бекъулым. Ещанэ увыпІэр къихьащ Урысей МЧС-м и Управленэу КЪБР-м щыІэм и командэм щыщ ГъуКІэжь Альберт.

ТекІуахэр щагъэльапІэм Іуэху гуапэм хэтащ «Динамо» Урысейпсо физкультурэ-спорт зэгухьэныгъэм и щІыналъэ къудамэм и унафэщІым и куэдзэ Джэдаэ Залым, республикэм къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ и органэм я ветеранхэм я щІыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьамадэ Пыхъ МуІэед, Хьэщіэлі Залым и адэ Хьэщіэлі Эдуардэ.

Ахэр текІуахэмрэ ныкъэныкІахэмрэ ехъуэхъури, «Динамо» ВФСО-м и кубокхэмрэ щІыхь тхьпІхэмрэ ираТащ.

БАХЪСЭН Азэмэт.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫІЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр:
ЖьэкІэмыхъу Маринэ (*Унафэщі-редактор*), **Ширдий Маринэ** (*Унафэщі-редактор*), **Къаншокъуэ Эллэ** (*Жэуап зыхь секретарь*), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщіэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщі Иэзэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19;
унафэщІ-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33;
жэуап зыхь секретарым - 42-22-82;
секретариатым - 42-22-66.

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр: 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущіапіэм ятхащ
ПИ № ТУ07-00117-м щІэту.

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.616
Заказыр №80
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагьыкІэ ахэр зытехахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КЪБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКІЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:
жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ**, корректорхэу **Щоджэн Иннэ** *(1, 4-нэ нап.)*, **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.)*
Компьютеркіэ газетым и теплъэр ящІащ **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,**
Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ зэуам, 5-А

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.